№8 (19892) hakikat_gazeta hakikat1917@mail.ru hakikat.info

АССАЛАМУ ГIАЛАЙКУМ

# ХIАКЪИКЪАТ

МАГIАРУЛАЗУЛ РЕСПУБЛИКАЯЛЪУЛАБ КАЗИЯТ

1 март 2024 с. рузман

ХитIаб

## Щулияб ниятгун, сахаб пикругун

### Президентасул къасдал малаикзабаздаги рагIун ратаги



29 февраллалда улкаялъул бетIер Владимир Путиница хитIаб гьабуна РФялъул Федералияб Собраниялде. Халкъалъул рукIа-рахъиналъул, социалияб гIумруялъул, палхIасил, киналго рахъазда хурхун гIагараб анлъго соналда жаниб гьабизе хIисабалде босараб хIалтIул, регионазе биччазе бугеб гIарцул, гIадамазул рукIа-рахъин лъикIлъизабизе пачалихъалъ гьарулел кумеказул рагIа-ракьанде щун бицана президентас. Рехсана гIемерал баянал, тарихал, хIужаби. СагIатгун бащдалда жаниб чанги чиясда рагIизе бокьараб хабар бицана гьес Кремлялъул кIалгIаялъул бакьулъ лъураб трибунаялда нахъа.

Владмимир Путиница байбихьана СВОялъул темаялдаса. Улкаялъул жанисебги къватIисебги политикаялда гьоркьоб щулияб бакI кколеб темалъун буго жакъа Украинаялда унеб хасаб рагъулаб операция. Жакъа хандакъаздаги рукIун сардалги къоялги тIамулел гIолохъабаз бихьизабулеб кIудияб бахIарчилъиялъул рехсана президентас. Бицана гьезул къо хIехьеялъул ва наслабазе мисалияб ватIаналде бугеб рокьул.

(Хадусеб 2-аб. гьумералда)

Пресс-конференция

## Суалазул гIемерлъи, гIузрабазул гьарзалъи

### Ралел бакIазул низам гьечIолъи, сун-бачIун букIунеб ток, магIарухъ цIиял школал ва хехаб поезд



27 февраллалда ДРялъул бетIер Сергей Меликовас пресс-конференция кьуна Москваялъул ТАСС информациялъулаб агентствоялда. СагIатгун бащдалъ халатбахъараб тадбиралда 15-гIанасеб суалалъе жаваб кьуна республикаялъул нухмалъулес. Суалалги рукIана батIи-батIиял. Токалъул, ясли-ахазул, ралел бакIазул, лъай кьеялъул, СВОялда гIахьаллъи гьабулел гIолохъабазе гьабулеб кумекалъул ва гьел гурел цогидалги. Халкъалъул рукIа-рахъиналъул киналго бутIабазде бер щвезабун, гьезул гIузраби рехсон, гIемер батIи-батIияб баян кьуна Дагьистаналъул бетIерас.

ТIоцебесеб суал букIана ралел бакIазда хурхараб. Севериял Кавказалъул республикабазда гьоркьоб, минаби раялъул рахъалъ цебесеб кьерда бугин Дагъистан, амма ралел бакIазул къанунал тIураялъул иш кинин бугебин абураб суал борхана ТАССалъул хIалтIухъаналъ пресс-конференция рагьулаго.

- ХIакъикъаталдаги цIакъ гIемерал минаби ралел руго республикаялда. Амма гьел ралеб мехалъ, застройщиказ гIемераб жо хIисабалде босулеб гьечIо. ТIоцебесеб иргаялда, къанунал тIуралел гьечIо.

(Хадусеб 3-аб. гьумералда)

Гара-чIвари

## Белоруссиялде Хархачаевасул сапар



6 гьум. >>>

ГIадамал ва гIумру

## Къо лъикI, дица гьекъон, къеч буссинчIеб ицц



8 гьум. >>>

Учитель! Дур цIаралда цебе

## Директорасул рухIияб дунялалде сапар



11 гьум. >>>

# Щулияб ниятгун, сахаб пикругун

## Президентасул къасдал малаикзабаздаги рагIун ратаги




*(Байбихьи 1-себ. гьумералда)*

СВОялъе кумекалъе жакъа улкаялда кIвахI тун хIалтIулел ругин гIемерал фабрикалгун заводалин бицана улкаялъул бетIерас. Гьалдаса 80 соналъ цебего гIадин, «Кинабго фронталъе», кинабго «Бергьенлъиялъе гIоло» абурал лозунгазда рекъон, хIалтIулеб бугин захIматхалкъ.

Гьединго В. Путиница ракIалде щвезабуна бакъбаккул пачалихъаз ва хасго Америкаялъул Цолъарал Штатаз киса-кибего хIаракат бахъулеб бугин нилъер улкаялъул гIацтIичи вахъинавизе ва Украинаялда тIолеб бугеб би нилъер гIайибалдалъун, нилъеца рагъуе бачараб наку сабаблъун ккараб жо бугилан. Амма роцIараб пикруги, камилаб гIакълуги бугел гIадамазда лъалин гьеб гьедин гьечIеблъи, рагъуе питна бухъарал зулмучагIи щалали гIадатияб халкъалда бичIчIулин ва лъалин абуна улкаялъул бетIерас.

### Эбелалъул капитал ва лъимал гIемеразе кумек

Хамиз къоялъ гьабураб хитIабалда саламатаб ва бищун гвангъараб бакIлъун ккунин абизе бегьила хъизамалъул суалалъ. Владимир Путиница ракIалде щвезабуна дагьаб цебегIан тIобитIараб «Россия» абураб выставка ва гьениб байбихьи лъун исанасеб сон Хъизамалъул лъагIеллъун лъазабизе.

Гьеб ахIиялда гьоркь исана хIалтIизе биччалеб буго «Хъизам» абураб миллияб проект.

ГIемерал лъимал ругел хъизамазда чIвалеб квер дагьабги хинго, дагьаби тIалаб цIикIкIараб хIалалъ чIвазе бугин бицана улкаялъул президентас.

Мисалалъе босани, лъимал гIемерал хъизамазе щибаб моцIалъ кьолеб гIарац цIикIкIинабизе буго исана соналдаса байбихьун.

Гьединго «Эбелалъул капитал» программа халатбахъинабизе буго 2030 соналде щвезегIан. ГьабсагIат гьеб щола кIиабилеб лъимер гьабураб хъизамалъе - 650 000 гъурущ, тIоцебесеб лъимер бугезе - 450 000 гъурущ.

**ГIемерал лъимал ругел хъизамазда чIвалеб квер дагьабги хинго, дагьаби тIалаб цIикIкIараб хIалалъ чIвазе бугин бицана улкаялъул президентас. Мисалалъе босани, лъимал гIемерал хъизамазе щибаб моцIалъ кьолеб гIарац цIикIкIинабизе буго исана соналдаса байбихьун.**

Ресукъал хъизамалги дагьал гьечIо улкаялда. Гьединал хъизамазе гьабулеб кумекги цIикIкIинабизе буго.

Гьединго гIарац биччазе буго херал, нахъаса кумек гьечIого хутIарал мискинал чагIазда хадуб хъулухъ гьабулел гIадамазеги.

### Сахлъи цIуниялъе цIикIкIун гъурщал

Улкаялда соналдаса соналде цIикIкIунел руго онкологиялъ, рекIел унти ва гьединго чакаралъул диабеталъ унтарал гIадамазул къадар. Поликлиникаби, больницаби къачIазе ва сахлъи цIуниялъул гIуцIабазе модернизация гьабиялъе биччалеб гIарацги цIикIкIинабизе буго.

Регионазда жеги гIемер руго къачIазе кколел басрияв школал. Гьединго дагьал гьечIо цIиял школал разе кколел шагьаралгун росаби. Гьеб мурадалда 2030 соналде щвезегIан биччазе буго тIадеги 400 млрд гъурущ.

### Спорт — сахал чагIазул гьудул

Ахираб анцIго соналда жаниб лъалаго цIикIкIана спорталде машгъуллъарал гIадамазул къадар. Советияб заманалда букIараб лозунгалда рекъон, сахлъиялъе пайдаяб куцалда гIумру гьабизе бокьарал гIадамал цIикIкIунел руго. Пикру буго шагьараздагун росабалъ 350 батIияв спортивиял объектал разе.

ГIагараб анлъго соналда жаниб цIикIкIун кIвар кьезе буго мугIалимзабазде. 100000-ялдаса дагьаб къадар гIадамаз гIумру гьабулел шагьаразда, гьединго росабалъ классалъул нухмалъулеллъун ругел мугIалимзабазе харжалда тIадеги кьезе буго 10 000 гъурущ.

### ГIолохъаби цIа гIадал, хIажат руго нуж метер

Метерисеб къо, гьелъул къисмат бараб буго гIун бачIунеб гIелалда, нилъер гIолохъабазда. Улкаялъе цIакъ хIажат руго роцIараб пикруялъул, щулияб гIакълуялъул, бергьараб гьунаралъул лебалал гIолилал – васалгун ясал. Гьединлъидал жакъасеб къоялъ жигараб хIаракатчилъи бихьизабулел гIолилазул багъа-бачариялъул мисалги берцин бихьун, пикру буго ва ракIалде ккола нужецаги гьелъул рахъ ккевлин абун, «Россиялъул гIолохъанлъи» абураб цIияб миллияб проект хIалтIизе биччазе.

Улкаялъул президентас, гьединго бицана экологиялъул программа бечед гьабизе бугеб ниятальулги. Гьаваялде рехулел заралиял хутIелал дагь гьаризе, чорокго ругел хIоралгун гIорал рацIцIад гьаризе биччалеб гIарац цIикIкIинабизе кколин лъазабуна гьес.

ХIасил-калам, гIагараб анлъго соналда жаниб халкъалъул рукIа-рахьин лъикIлъизабизе, хъизамал рази гьаризе, нилъер щивасул рокъобе бачIунеб гъурущ цIикIкIинабизе бугеб ниятальулги бицун, ахиралда улкаялъул гимналъухъги гIенеккун, лъугIизе тана Владимир Путиница хитIаб.

***Ашахан ЮСУПОВ***

## Ккара-тараб

Омскиялда тIобитIараб греказулгун румазул гугариялъул рахъалъ Россиялъул чемпионталда (U-20) Дагъистаналдаса речIчIухъабаз босана лъабго медаль - цо гIарцул ва кIиго мазгарул.



ГIолилазул тIаса бищараб командаялъул тренер Даку ГIабдулкъадировас рехсана цебесеб бакI ккезе хъул букIарал спортсменазул цIарал. Гьел ккола ХIамзат ХIажиев (77 кг), Заур Шангереев (82 кг), ГIабдурахIман ГIабдулкъадиров (82 кг) ва Сайпула ХIажимухIамадов (97 кг).

«Гьел гIолохъабазда гьоркьоса цохIо ХIамзат ХIажиевасе икъбал ккечIо. ХутIараз мадар гьабуна. Узухъда, хьул букIана цогIаги меседил медаль щвелин нилъер командаялъеян абураб, амма гьаб хIасилги лъикIаб бачIинлъун рикIкIуна дица, дун рази вуго», - ян бицана Дагъистаналъул гIолилазул командаялъул тренерас.

* * *

27 февралалда Унсоколо районалда гIолохъабазда гьоркьоб ккараб дагIба-рагIи сверана рагъ-къалалде. Гьелъул хIасилалда ункъо чи лъукъана, Аллагьасул цIобалъ цониги чи къадаралде щвечIо. Гьеб ишалъул цIех-рех гьабулеб буго тIадал идарабазул хIалтIухъабаз.

* * *

ВатIан цIунулесул къоялда ГIахьвахъ районалъул КIаратIа росдал «Улыбка» ясли-ахалда тIобитIана хасаб рагъулаб операциялда къадаралде щварав, Бихьинчилъиялъул орденалъул кавалер Шамил МухIамадовасул цIар кьеялъул тадбир.

«Нилъер улкаялъе гIоло гIумру кьурал васал ракIалде щвезари ва гьезул хIурмат гьаби - нилъеда тIадаб борч ккола. Гьезул - цIарал нилъеца даим рекIелъ цIунила»,-ян абуна районалъул бетIер М. МуртазагIалиевас.

* * *

ЛъаратIа росулъ районалъул ЖКХялъул нухмалъиялъ субботник тIобитIана. Гьениб гIахьаллъи гьабуна росдал жамагIаталъ.

Баркала бугин, заманалъухъ, хIалтIухъ балагьичIого къватIире рахъаралъухьин абуна ЖКХялъул нухмалъулев Иляс ИмаммухIамадовас.

* * *

Дагъистаналъул Огни шагьаралъул гIадамазул гIарзаялде кIвар буссинабуна республикаялъул нухмалъиялъ.

ГIадамазул гIарз буго хъублъи жаниса чвахулел рогIрал цIакъ тIаса-масаго лъолел ругин гьенир ва гьелъ сверухъ квешаб махIги тIибитIизабун, лазатбахъи гьабулеб бугин жидее абураб. Гьелъул хIасилалда херал чагIазда ва ракI загIипал гIадамазда гьоркьор унтаби тIиритIулел руго.

# Суалазул гIемерлъи, гIузрабазул гъарзалъи

## Ралел бакIазул низам гьечIолъи, ссун-бачIун букIунеб ток, магIарухъ цIиял школал ва хехаб поезд




*(Байбихьи 1-себ. гьумералда)*

470 гIемертIалаяб мина эхетун буго Каспийскиялдагун МахIачхъалаялда гьоркьоб, амма гьезул гIемерисезул гьечIо букIине ккoлеб низам. Къануналъул тIалабалда рекъон халгьабуни, гьел рихxизаризе ккола. Амма кин биххизабилеб жаниб гIемерал хъизамаз гIумру гьабулеб мина? Гьениб кIиго рукъалъул квартира босизе чан захIмат гьез баччизе ккун батилеб? Мина балес къанун хвезабунин абун, гьезда бецIизе бегьилищ? Гьединлъидал нижеца кIвараб рес батун гьединал минаби цIунизе хIаракат бахъана. Амма хадурккун ралезе гьединаб тасамахIлъи гьабизе биччазе гьечIо. Гьеб мурадалда нижеца къабул гьабуна «О комплексном развитии территориального строительства» абураб къанун. Гьелъул кIвар букIине буго Каспийск ва МахIачхъала шагьаразул агломерация цебетIезе. Жакъа гьеб мухъалда ралел руго бищун гIемерал минаби. Амма ралаго хIисабалде росичIого тарал бакIалги гIемер руго. Минабазда сверухъ гIатIилъи, машинаби лъезе бакI, лъималазе майданал гьечIо. ГъутIби чIезе бакIги тун гьечIо.

КватIичIого хIалтIизе биччазе буго «ЧIикIаб-МахIачхъала-Каспийск» лъел мухъ. КIиябго шагьаралда гIумру гьабун ругел гIадамазе бацIцIадаб лъим щвезе буго гьелдалъун. КъачIалеб буго хъублъи жаниса чвахулел рогIралги. ГIемерисеб агъзинлъи унеб букIана Каспий ралъдалъе. Гьеб бегьулеб жо гуро, тIабигIияб бацIцIалъи цIунизе ккола, - ян бицана С. Меликовас.

### Токалъул къварилъи

- Гьеб суал буго жакъа республикаялда бищунго хIалуцаразул цояб, - ин бицана кIиабилеб суалалъе жаваб кьолаго республикаялъул бетIерас. - Рии-хасел батIа гьабичIого, бокьараб заманалда рахъун свинабулеб буго ток, гIадамалги руго ахцан. Гьелъиеги буго кIиго аслияб гIилла: тIоцебесеб - хIаталдаса ун басралъун руго токалъул мухъал, трансформаторал. КIиабилеб - бухIараб токалъухъ босулеб гIарац буго дагьаб. Цо рахъалъ босани, гьениб халкъги битIараб буго. Жидее кьолеб канлъул даражаялда рекъон кьолеб бугин жидецаги гIарацилан абизе буго гьез. Амма цогидаб рахъ босани, гIодобегIанаб тариф букIиналъ рес ккoлеб гьечIо киналго хIалтIаби рагIа-ракьанде щун тIуразе.

Гьанже В. Путинил бихьизабиялда рекъон, хIукму гьабун буго токалъул иш роцIинабизе гIарац биччазе. Хьул буго гьелъул кумекалдалъун иш роцIине батилин абураб.

### ЦIиял школал

Хадусеб суал букIана школалгун ясли-ахазда хурхараб. ГIемерал школал ва ясли-ахал рагьанин гъоркьиса Дагъистаналдайин бачIана суал. Кин бугеб гьабсагIат гьелда сверухъ ахIвал-хIал? ГIемер ругищ жеги разе хутIарал объектал?

- 23 школагун ясли-ахал рана араб соналъ республикаялда. Амма гьелда гIей гьабун чIезе ракIалда гьечIо.

Жеги гIемерал росаби руго школазде хIажатал. МагIарухълъиялдехун дагьаб кIвар буссинчIого хутIана. Гьанже гьенибе буссинабизе буго аслияб бербалагьи.

Дихъе чанги чи вачIана кIалъан, гъоркьиса цIиял школазул рахъалъ цогидал республикабазда гьоркьоб цебесеб кьерда рагIулин нилъер республика, амма жидер росулъ добго басрияб школа бугин абун.

Гьенибги буго цо гьадинаб рахъ. Киналго росабалъ гуро цIияб школа бан бажарулеб. МагIарухъ чанги росаби руго тIолалго шартIал ругеб школалъе мина базе санагIатаб гIатIилъи гьечIеб. КIкIалал рагIалда цIияб школа кинха балеб? Гьединлъидал тIаса бищизе ккoлеб буго цогидаб нух, ай басрияб школа къачIай.

### ЦIияб терминал ва поезд

Пресс-конференциялда суал кьуна МахIачхъалаялъул аэропорталда хурхунги.

- Соналдаса соналде цебетIолеб буго МахIачхъалаялъул аэропорт. Республикаялде рачIунел гьалбал цIикIкIунел руго, гьезда гьоркьоб хасаб бакI ккола туристазги. Гьединлъидал цIакъ кIвар бугеб ва рохизе ккараб хIужа кканa цIияб терминал хIалтIизе биччай.

Гьанже хIадурлъи гьабулеб буго жанисел авиарейсал гьаризе цоги терминал хIалтIизе биччазе. РакIалда буго исана гьеб тадбир рагIалде бахъинабизеги.

Гьединго РФялъул Транспорталъул министерствоялъулгун къотIи буго аэропорталде-нахъе гIадамал рачине хехаб поезд биччазеги.

### Дагъистан хIадурго буго

Сергей Меликовасе суал кьуна Дагъистаналда цебетIолеб бугеб спортивияб темаялда хурхунги.

Эркенаб гугариялъул, МахIачхъалаялъул «Динамо» футболалъул клубалъул суал борхана гьениб. Гьединго гьесда гьикъана MMF,

> Дагъистан хIадур буго UFCялъул турнир тIобитIизе. Гьелъие нижер киналго шартIалги, санагIалъабиги, ресалги руго. ГIун рачIунел цIиял спортсменалги руго. Гьеб киналдего тIаде, гьезул даража борхизабизе, 29 нухалъ бергьенлъи босарав ХIабиб НурмухIамадовги вуго.

UFC гIадал ссиялда ругел спортивиял турнирал Дагъистаналда тIоритIизе рес гьечIищин абунги.

- Эркенаб гугари ккола спорталъул миллияб тайпа. Гьеб рахъалъ нижер гIолохъабазде данде вахъине кIолев чи гIемер гьечIо. Халкъазда гьоркьосел турниразда бергьенлъаби росун, кирго рагIулел руго Дагъистаналъул цIиял чемпионазул цIарал. Дун чIухIула гьездаса.

Дагъистан хIадур буго UFCялъул турнир тIобитIизе. Гьелъие нижер киналго шартIалги, санагIалъабиги, ресалги руго. ГIун рачIунел цIиял спортсменалги руго. Гьеб киналдего тIаде, гьезул даража борхизабизе, 29 нухалъ бергьенлъи босарав ХIабиб НурмухIамадовги вуго. Амма гьеб бакIалда нижеца хIисабалде босизе ккола гьел турниразул хважаинзабазул пикруги. Гьезулги нижерги рагIи дандеккани, рохуца холаго тIоритIила UFCялъул къецал МахIачхъалаялда.

Пресс-конференциялда рорхаразда гъорлъ рукIана СВОялъул темаги, Каспиялда гIагарлъухъ ругел пачалихъазул мадугьаллъиялъул гьоркьорлъаби щула гьариялъул суалалги.

Къокъго абуни, халкъалъул рукIарахъиналда хъинтIулелщинал рахъазде берги щвезабун, гIемер батIибатIиял суалазе жавабал кьуна Сергей Меликовас.

***Ашахан ЮСУПОВ***

# ЦохIо гIарза кьуни гIола

**Ригьалде рахиналда бан кьолеб пенсия чIезабиялъе гьанжеялдаса нахъе гIемерал документал ракIаризе ккезе гьечIо. «Госуслуги» порталалдасан пенсиялъул ригьалде рахараз кьураб гIарзаялда рекъон, гьеб чIезабизе буго Социалияб фондалъ. Гьедин гьабиялъе квербакъана киналго баянал жанире рачараб информациялъулаб гIуцIи хIалтIизе лъугьиналда бан.**

Гьедин лъазабуна РФялъул Дагъистаналда бугеб Социалияб фондалъул пресс-хъулухъалда.

Россиялъул Социалияб фондалъул Дагъистаналда бугеб отделениялъул управляющий МухIамад ГIисаевас бицухъе, 2024 соналда пенсия щвезе ихтияр буго 58 сонил ригьалде рахарал руччабазул ва 63 сонил ригьалде рахарал бихьиназул.

> 2024 соналда пенсия щвезе ихтияр буго 58 сонил ригьалде рахарал руччабазул ва 63 сонил ригьалде рахарал бихьиназул.

Амма гьеб щвезе ккани, хIажалъула бищун дагьаб 15 сонил хIалтIулаб стаж ва 28,2 пенсиялъулаб коэффициент. Гьеб буго херлъиялда бан страховияб пенсия щвезе ккани бугеб тIалаб. Пенсиялъул выплатабазда яги пенсиялъул цогидал бутIабазда гьеб хъинтIуларо.

Пенсиялъул ригьалде рахаразе страховияб пенсия чIезабиялъул иш тIаде босула Социалияб фондалъ ва жидехъго ругел баяназда рекъон, жидецаго тIубазабула гьеб хIалтIи. Гражданинасул жиндирго хасаб лицевой счеталда страховияб стажалъул хIакъалъулъ тIубараб ва мухIканаб баян бугони, Социалияб фондалъ «Госуслуги» порталалдасан гьес гIарза кьезе бегьулеблъиялъул гьесда лъазабула. Гражданинас разилъи кьун хадуб Социалияб фондалъ чIезабула пенсия ва гьелъул хIакъалъулъ бицараб баян битIула гьесул «личный кабинеталде». Пенсияги кьола гражданинас тIаса бищараб къагIидаялда рекъон, масала, гьес бихьизабураб банкалъул счеталде битIун яги Россиялъул Почта гьоркьобккун.

Россиялъул гражданазухъе Социалияб фондалъ, «Госуслуги» порталалда бугеб гьезул «личный кабинеталде» гьоркьо-гьоркьоб битIула пенсиялъул бугеб хIал-хIукмуялъул бицун баян. Гьединаб баянин абуни битIула лъабго лъагIалида жаниб цо нухалда ва гьеб лъазаби бихьиназухъе щвезе байбихьула 45 сон бан хадуб, руччабазухъейин абуни – 40 сон байдал.

Гьединаб баян щун хадуб гIадамазул рес букIуна жидее щвезе рес бугеб пенсиялъул къадар ва хIалтIи кьолез Социалияб фондалде ритIарал баянал мухIканал ругищали лъазе.

***ХI. МУХIАМАДОВ***

# Северияб Кавказалъул Херазул совет – МахIачхъалаялда

**26 февралалда МахIачхъалаялда тIобитIана Северияб Кавказалъул Херазул советалъул данделъи. ГIумруялъул хIалбихьиялъ кидаго ритIухъ гьабураб хIужа буго, Северияб Кавказалъул республикабазул цоялъе квешлъи кколеб бугони, гьеб цогидаздеги бахунеблъи. Нилъеда бихьидалха чачаназул ракьалда рагъ букIараб заманалда Дагъистаналъул халкъазда кинал захIмалъаби дандчIвалел рукIаралали.**

Гьединлъидал гIадатаздалъун, гIамал-хасиятаздалъун цоцада щулаго рухьарал халкъазул цоцада ричIчIиги гъваридаб букIуна, цадахъ гьабулеб хIалтIуца хIасилги лъикIаб кьола. Гьеб гIилла букIана Халкъазда гьоркьосеб ЖамгIияб палатаялъ Северияб Кавказалда Херазул совет гIуцIизе хIукму гьабиялъеги. Гьелъ рес кьолеб буго хадубккунги гIолилазе битIараб тарбия кьеялъулъ, ккаралъуб рекъел-маслигIат гьабиялъулъ, терроризмалде данде гьабулеб кьеркьей хIалуцинабиялъулъ ва халкъазда гьоркьоб рекъел щулалъизабиялъулъ дагьали цIикIкIарал бергьенлъаби росиялъулъ. Хасго Херазул советалъул камилаб гIакълу хIажат буго Россиялъ Украинаялда гьабулеб хасаб рагъулаб операция унеб заманалда.




Херазул советалъул данделъиялда гIахьаллъи гьабуна Северияб Осетия-Аланиялъул, Чачан республикаялъул, Ингушетиялъул, Дагъистаналъул, Гъарачаево-Черкесиялъул, Кабардино-Балкариялъул ва Югалъулаб Осетиялъул вакилзабаз.

Данделъи рагъулаго, Халкъазда гьоркьосеб жамгIияб палатаялъул нухмалъулев Александр Ольшевскияс кIвар буссинабуна гIумруялъ жакъа цере лъолел ругел суалал тIуразариялъулъ Северияб Кавказалъул рехсараб советалъул бугеб кIваралде, хадубккун гьелъул хIалтIуде бугеб божилъиялде ва нилъер республикабазда гIолилазе рухIияб тарбия кьеялъул суалазде.

КIалъазе рахъана Херазул советалъул сопредседателал - Югалъулаб Осетиялъул тIоцевесев президент, тарихиял гIелмабазул доктор Людвиг Чибиров, Россиялъул Нарт ва газ бахъулезул союзалъул президент Зияудин ГIисаев, Халкъазда гьоркьосеб ЖамгIияб палатаялъул член ГIусман Къадиев ва «Россиялъул халкъазул ассамблея» жамгIиябгун пачалихъияб гIуцIиялъул Дагъистаналъулаб отделениялъул председатель Зикрула Ильясов.

Гьоркьор лъурал суалазда тIасан пикраби загьир гьаруна нилъер ва цогидал республикабазул жамгIиял гIуцIабазул вакилзабаз.

Советалъ халгьабиялде росарал суалазда гьоркьор рукIана Северияб Кавказалъул халкъазул гьудуллъи щула гьабиялъул, батIи-батIиял диназул гьоркьорлъаби лъикIлъизариялъул ва Россиялъул цIиял субъектазе гьабулеб кумекалъул хIакъалъулъ суалал.

Данделъиялда борхана Северияб ва Югалъулаб Осетиялда гьоркьоб чIезабун бугеб пачалихъияб гIурхъиялъ гьел республикабазул гIадамазе гьабулеб бугеб квекIеналъул, Северияб Кавказалъул халкъазул миллияб мацIал лъазариялъул, гIолеб гIелалъе рухIияб тарбия кьеялъул суалалги. ХIукму ккана Херазул советалъул гьел суалал гIумруялде рахъинариялда бан гьабулеб хIаракатчилъи цIикIкIинабизе.

Данделъиялда Халкъазда гьоркьосеб ЖамгIияб палатаялъул членлъун йосана Дагъистаналъул Халкъияб Собраниялъул депутат Зульгимар ТIагьирова. Гьей мустахIикълъана Беларусь республикаялъул бусурбабазул жамгIияталъул «Гьабураб хъулухъалъе гIоло» абураб медалалъе. Гьей ккола гьединаб шапакъаталъе мустахIикълъарай тIоцеесей чIужугIадан.

Гьединго, Зикрула Ильясовасе кьуна Россия-Белоруссия союзияб пачалихъалъул «Союзияб хIукуматалъе гьабураб жамгIияб хъулухъалъе гIоло» медаль.

ГIахьалчагIаз хIукму гьабуна Северияб Кавказалъул Херазул советалъул иргадулаб данделъи тIобитIизе цогидаб республикаялда.

*И. ЗИЯВДИНОВ*

# ХIужабаз нугIлъи гьабула

**Щиб гьабураб Дагъистаналъул хIукуматалъ 2023 соналда? Гьелъул хIакъалъулъ ДРялъул Халкъияб Собраниялъе бицана ДРялъул хIукуматалъул председатель ГIабдулмуслим ГIабдулмуслимовас.**

**Гьес абуна Сергей Меликовас Халкъияб Собраниялде гьабураб хитIабалда церелъун рукIарал киналниги масъалаби тIуразарунин абун. Аслияб кIвар буссинабун букIана щивав дагъистаниясул ракIунтарал суалал роцIинариялде. Гьединаллъун премьер-министрас рехсана медицинаялъул кумекалъул лъикIаб даража, лъималазул цIиял ахалги школалги, ЖКХялъул инфраструктура цIигьаби.**



## Экономика

2023 соналде хIисабалде босун букIана, гIарцул сурсаталги заманги тIалаб гьабулеб 54 тадбир. Гьезда гьоркьоса гIумруялде бахъинабун буго 45-яб ва жеги ичIго рагIалде бахъунеб буго. Дагъистан гIахьаллъана пачалихъиял программабазда. Гьезда гьоркьоб буго регионалияб 50 проектги.

Промышленнияб къайи хIадури цIикIкIана - 14, росдал магIишаталъул – анльго ва бакIал раялъул рахъалъ – кIигогIанасеб проценталъ. Регионалда хIадурана 991,0 гъурщиде гIаммаб къайи. Хъул буго, исана цо триллион гъурщиде гьеб бахиналде. Инвестициял цIикIкIана щуго процентальъ. Аслияб къагIидаялда – бакIал раялъул, росдал магIишаталъул ва туризмалъул рахъазда.

Грантал, кредитал ва займал хIисабалда хIакъикъияб экономикаялъе республикаялъ гьоркьиса кьуна ункъо миллиардалдаса цIикIкIун гъурущ. Исанаги гьедин гьабизе ракIалда буго ва пикру буго росдал магIишаталдегун мелиорациялде ва тIадагьаб промышленносталдегун туризмалде, гьединго ччугIихъанлъиялде харж гьабулеб гIарцул къадар жеги цIикIкIинабизе.

## Промышленность

Промышленнияб цебетIеялъул рахъалъ Дагъистан буго СКФОялда кIиабилеб ва улкаялдаго микьабилеб бакIазда. Гьелъие квербакъана федералияб централъулги регионалъулги кумекалъ. Пачалихъияб заказ цIикIкIана цогун анлъго нухалъ. Гьелдаго цадахъ регионалъул гIаммаб продукталъул хIисабалда гьелъ кколеб бутIа мукъсанаб буго – щуго процент.

Предприятияз гьабураб харж бецIиялъе кьуна 140 миллионгIанасеб гъурущ. Промышленнияб цебетIезабиялъул регионалияб фондалъ займалги кьун, гIумруялде бахъинабуна анкьго проект ва гьелдалъун 100 чиясе щвана хIалтIизе бакI.

Хайир цIикIкIунеб буго налогазул бигьалъи гьабиялъул хIасилалдаги. Бигьалъи гьабизе хIукму гьабуна республикаялъул хIукуматалъ ва гьелъул рахъккуна федералияб нухмалъиялъ: программа хIалтIизе буго 2027 соналде щвезегIан. Гьединал бигьалъабаздаса пайдаги босун, республикаялде вачIана анкьго инвестор. Гьезда ракIалда буго батIи-батIияб къайи хIадурулел предприятиязе кIиго миллиард гъурущ биччазе. Гьелдалъун жеги 570 чиясе хIалтIизе бакI букIина.

ГьабсагIаталда нилъер буго Пачалихъияб сияхIалда хъвай-хъвагIай гьабураб 200 предприятие ва гьез гьабулеб къаялъул сияхI бахуна 652-ялде. Ралагьулел руго гьеб къайи бичизе бакIалги.

Республикаялда церетIолел руго промышленниял кластерал. Жеги хIадурулеб буго ункъо кластер: хьитал рукъулеб, мебель гьабулеб, бакIал раялъе хIажатаб къайи хIадурулеб, квас хIалтIизабулеб.

## АПК

Дагъистаналда буго батIи-батIияб тайпаялъул азаргоялдаса цIикIкIун росдал магIишаталъул предприятие, анкьазаргониги КФХ ва ункънусазаргоялдаса цIикIкIун жалго бетIергьанаб магIишат. 2023 соналда гьез хIадурана 212,3 миллиард гъурщил нигIматал. ПиринчI, пихъалгун овощал, цIибил гIезариялъул ва гьангун квас хIадуриялъул рахъаз улкаялдаго цересел кьеразда руго нилъ.

Гьединаб хIасилалъе квербакъана федералияб централъ 2760,5 млн гъурщил кумек гьабиялъги. Дагъистан гIахьаллъана АПКялъул цебетIеялъе харжал кьолел киналниги федералиял пачалихъиял программабазулъ. Россельхозбанкалъги, Сбербанкалъги ва ВТБ-банкалъги 2023 соналда АПКялъе кьуна кIигоун бащдаб миллиардалдаса цIикIкIун кредитал (2021 соналда кьун букIана гIицIго 55 миллионалдаса цIикIкIун гъурущ).

Гьоркьиса бекьун букIана 369 азарго гектар ракьул. Гьел ракьал хIалтIизаризе хIажатаб техника гIолеб гьечIо: гьабсагIаталда босизе ккола росдал магIишаталъегун мелиорациялъе хIажатаб 30 азаргониб машина. Гьелъие къваригIуна 48 миллиардалдаса цIикIкIун гъурущ.

*Кавсарат СУЛЕЙМАНОВА*

# Хъизамалъул гьуинлъи – рукъалъул хазина

**Исана Дагъистаналда «Хъизамалъул лъагIел» рагьулеб тадбиралда цо чанго мисалияб хъизам Баркалаялъул кагътаздалъун кIодо гьабун букIана ДРялъул бетIер Сергей Меликовас. Гьезда гьоркьоб букIана 50-ялдасаги цIикIкIун соналъ цадахъ гIумру гьабулел ругел ГIахьвахъ районалъул Изано росулъа ГьитIинамухIамад СултIановги Рабият АхIмадоваги.**

**Гьезул буго 11 лъимер: 8 ясги лъабго васги ва гьезулги 29 лъимер. Киналго лъималазе щвана тIадегIанаб лъай. Цояй яс хIалтIулей йиго Москваялда неврологлъун, цогидал - тахшагьаралда ва росулъ жиде-жидер махщалида рекъон. Цояв вас хIалтIулев вуго Запорожье областалъул Михайловск районалда ралел бакIазда прораблъун. СултIановазул хъизам бергьун букIана 2022 соналда ДРялъул ЗахIматалъул ва социалияб цебетIеялъул министерствоялъ тIобитIараб «ЛъагIалил хъизам» абураб къецалдаги, ай «Лъимал гIемераб хъизам» абураб номинациялда.**

**Россиялъул хъизамазул хIакъалъулъ хъвараб тIехьалдаги лъун буго СултIановазул хъизамалъул сурат.**



## «Мать героиня» щвезе кколаан

АнцIго лъимер гьабураб мехалда «Мать героиня» абураб орден кьезе кколаан Рабиятие. Амма тIадал идарабаз хIалтIи гьабичIолъиялда бан, гьелъие шапакъат щвечIо.

«Дир лъадуе гьеб цIар щвезе кколин абун, 1991 соналдаго документал кьун рукIана росдал администрациялде. Амма иш, щаялиго халатбахъинабуна ва ахирги, гьединаб закон гьанже гьечIинги абун, документал нахъчIвана. Хадуб лъана 1994 соналде щвезегIан гьеб закон хIалтIулеб букIараблъи.

Цинги «Родительская слава» орденалъул медаль щвезе бегьулинги абун, цIидасан данде гьаруна документал. Амма гьелъулги жо ккечIо. Хадубги хабар рагIана «Мать героиня» абураб цIар кьолеб бугин абун. Гьеб мехалдаги къватIире рахъана документал. Я суд гьабуна, я хIукуматалде кагътал ритIана, амма цояз цоязухъе ритIун, тIаса рихьизарулел руго», - ян бицана ГьитIинамухIамадица ва Рабиятица.

«Мать героиня» абураб цIар кьезе кколаанин абун судалъги Рабиятил рахъккуна.

- 1991 соналдаса нахъе тIалаб гьабулеб буго нижеца гьеб цIар. 30 соналъ щвечIеб гьеб, гьанже херлъараб къоялъ щиб гьабизейин абун йикIунадун. РитIухълъи чIезабичIого теларин абун росги вугоха, - ян бицана Рабиятица.

ГIахьвахъ райисполкомалъул халкъиял депутатазул советалъ 1991 соналъул ункъабилеб сентябралда гьабураб хIукмуялда рекъон, 10 лъимер гьабурай АхIмадова Рабиятие «Мать героиня» абураб цIар кьеян гьарун, хитIаб гьабун буго ДАССРалъул Верховный Советалъул президиумалде. Гьелдаса нахъе ДРялъул бетIерасухъе, хIукуматалъул нухмалъулесухъе кагътал хъвалев вуго ГьитIинамухIамад.

2013 соналда республикаялъул бетIерасухъе битIараб кагътие жаваб бачIана пачалихъиял шапакъатазул ва кадрабазул суалазул рахъалъ управлениялъул нухмалъулев Ю. Левицкияс. Гьелда хъван буго: «АхIмадова Рабиятие «Материнская слава I степени» абураб орден кьун букIана», - ян.

Амма гьеб жидеда я рагIараб, я бихьараб жо гурин абулеб буго Рабиятицаги ГьитIинамухIамадицаги.

## Адаб бугелъуб рокьи камуларо

ГьитIинамухIамадил эмен вукIана учитель, хIалтIана завучлъун, директорлъун. Эбел – колхозчIужу. Эбелалъул эмен ХIайдарбег кколаан граждан рагъул бахIарчи. Гьесие сайгъаталъе кьураб таманчаги «БагIараб байрахъ» орденги жеги нахъе цIунун буго. ГьитIинамухIамад, армиялда гьабураб ракIбацIцIадаб хъулухъалъухъ, «Фашистазул Германиялда тIад бергьенлъи босаралдаса 20 сон» абураб медалалъе мустахIикълъана ва доб заманалда Бакуялда тIобитIун букIараб парадалда гIахьаллъана.

Рабият ккола КIудиябросулъа. 36 соналъ хIалтIана гьей школалъул библиотекаялда.

Хъизан гьабулеб мехалда ракIалдего гIемерал лъимал гьаризе ракIалдаго букIанищ нужеда, - ян цIехедал,



ГьитIинамухIамадица абуна:

- ТIоцеесей яс гьайидал, нахъе йитIизецин хиял гьабуна. Вас вокьун вукIиндалха. Амма хадуйги гьаюна цоги яс. КватIичIого цIакъ вохизавуна, цадахъго кIиго васги гьавун. ХIинкъизаризе кколел рукIун руго руччаби, васал гьаризе ккани. Гьебни махсара букIинарищха, амма ясал баракатал жал рукIуна. Ва бищун ахиралда цоги васги гьавунаха.

## ЧIухIи рекъоларо рос-лъадуда гьоркьоб

**- КIиго батIияб росулъа гIолилал кин нуж данделъарал?**

**Рабият:** «Дир эбел росасе ун йикIана Изаноса чиясе. ГьитIинамухIамадил мадугьалихъ йикIана гьей гIумру гьабун. Эбелалъухъе щвезе цо-цо мехалда ячIунаан дун Изаное. Гьений мадугьалихъ йигей дун йихьун ятилаха гьасда».

ГьитIинамухIамад: «Гьадинай херай йикIинчIоха ай доб мехалда, берцинай гIадан йикIана».

- Ахираб заманалда ратIалъулел хъизамазул къадар цIикIкIунеб буго. Щибдай гьанжесеб гIелалъе гIоларого бугеб жо? Нужер хIисабалда, кин цIунизе ккoлеб хъизам?

ГьитIинамухIамад: «Дида кIудиял чагIаз абулеб рагIун букIана руччаби бечедал гIадамазул рокъоре риччагеян. Щайин абуни, чияр бечелъи бихьун хадуб, россабазе гIакъуба кьолила гъоз, дозул бугеб нилъер щай гьечIебинги абун. Гьеб буго хъизамал ратIалъиялъе цо гIилла. КIиабилеб гIилла - гьитIинаб жо кIодо гьаби. Хъизан гIуцIулелъул росасги лъадуцаги тIину гьечIел хулжал цадахъ росейилан абулаан умумуз. Росас чIужуялъул багьанаби ва чIужуялъ росасул гIунгутIабиги гьел хулжазухъе рехани, цIунизе буго хъизан.

ДагIба-рагIи ккани, гьанжесел гIолилаз чIухIи гьабула. Дун, дица, диеян абун жалго лъикIаллъун, дандиял тIекъаллъун рикIкIуна. Цоцахъ гIенеккизе лъаларо. Росасул ццим бахъун бихьидал, чIужу гьесда цееса нахъе ине ккола, гьев гIодове виччазегIан. Лъадул ццим бахъун бугони, гьейги жийго тезе ккола. РагIуца рагIи бахъула. Цоцазул къимат, адаб гьабулеб бугони, кигIанго захIматабги жо бихьичIеб ххвел гьабун тола рос-лъадуца. Гьанже ругезул ракIал батIиял руго. ГIамал кIудияб буго. Цебе гьедин букIунароан. Щайгурелъул доб заманалда киназулго букIана гьоркьохъеб магIишат. АлхIамдулиллагь, нижер гIумру букIана парахатаб. Лъималазул гIумру талихIаблъун букIинги буго нижер аслияб мурад.

## ХадурагIи:

РФялъул президент В. Путинил амруялда рекъон, 2024 сон Хъизамалъул лъагIеллъун лъазабунги бугелъул, улкаялдаго цIикIкIун кIвар кьолеб буго гIемерал лъимал ругел хъизамазде.

29 февралалда улкаялъул президентас РФялъул Федералияб Собраниялде гьабураб хитIабалда цIидасанги бицана жамгIияталъулъ хъизамалъул бугеб кIваралъул хIакъалъулъ. Дагъистаналдаги Хъизамалъул лъагIел рагьулаго кIодо гьарурал ГьитIинамухIамад СултIановасулго гIадал хъизамазе, гьезул гьариялда рекъон, квербакъи гьабулеб буго республикаялъул бетIер Сергей Меликовас.

Хьул буго, Хъизамалъул лъагIалил хIурматги гьабун, Изаноса Рабият АхIмадовалъе жиндир заманалдаго кьезе ккoлеб букIараб, амма тIадал идарабазул гIайибалдалъун гьоркьоб хутIараб пачалихъияб шапакъат абураб.

***ПатIимат СУЛТIАНМУХIАМАДОВА***

# Белоруссиялде Хархачаевасул сапар

**ЖамгIияв хIаракатчи, имам Шамилил цIаралда бугеб Халкъазда гьоркьосеб культуриябгун тарихияб фондалъул президент ГIалиасхIаб Хархачаев дагъистаниязда лъала Шамилил цIарги, гьесул ишалги, гьесул заманалъул тарихги жамгIияталда гьоркьоб тIибитIизабулев хIаракатчилъун.**

Гьев ккола Россиялъул БахIарчи ГIадилгерей МухIамадтIагьировасул цIаралда бугеб, Дагъисталъул Гъуниб регионалияб жамгIияб фондалъул председательги.

Дагьал церегIан къоязда Белоруссиялде гьабураб сапаралдаса тIадвуссарав ГIалиасхIаб вачIун вукIана редакциялде гьоболлъухъ. Гьесулгун буго нижер жакъасеб гара-чIвари.

**- ГIалиасхIаб, щиб букIараб сапаралъул мурад, щай мун Белоруссияде ун вукIарав?**

- Дун гьениве ахIун вукIана Белоруссиялъул бусурбабазул рухIияб управлениялъул ва муфтиялъул ахIиялда рекъон Белоруссиялъул ракьалде ислам бачIаралдаса 625 сон тIубаялъул тадбиралде. Гьениве ахIун вукIана гьединго халкъазда гьоркьосеб жамгIияб палатаялъул данделъиялде гIахьаллъизеги. БакI ккун букIаго абила, гьел кIиязулго хIаракаталдалъун араб соналда Минскиялда тIобитIун букIана «XIX гIасруялда букIараб Кавказалъул рагъ ва имам Шамил» абураб цIаралда гьоркь гIатIидаб данделъи.

**- Щал гьенир гIахьаллъарал, кинал тадбирал тIоритIарал?**

- Гьенире рачIун рукIана Белоруссиялдаса, Россиялдаса, Сириялдаса, Германиялдаса, Палестинаялдаса, Словениялдаса вакилзаби.

Пленарияб заседаниялда гIахьалльи гьабуна кIикьоялда щуго чияс. Гьениб диеги кIалъазе рагIи кьуна. Аслияб къагIидаялда гьенир рорхулел суалал рукIана жакъа дунялалда лъугьун бугеб ахIвал-хIалалда хурхарал. Хасго тIадчIей гьабуна Палестинаялда, Гъазаялда лъугьун бугеб ахIвал-хIалалда. Киназго рахъккуна ва битIараблъун рикIкIана нилъер президент В. Путинил 1967 соналде ООНалъ гьабураб хIукму тIубазе кколин ГIизраилалъ ва цогидалги гьал дандечIеязда гьоркьор ругезин абураб кIалъаялъул. Бицен гьабуна Белоруссиялда, Россиялъул регионазда бусурбаби ругеб бакIалда мажгитал разе ккеялълуги.

ЛъикIаб асар гьабуна Белоруссиялъул ракьалде ислам бачIаралдаса 625 сон тIубаялда хурхун гьарурал кIалъаязги тадбиразги. Рузманалде ниж ана Минскиялъул аслияб мажгиталде. ГIатIидаб мажгиталда жаниб бакI гIечIого къватIиб, рагьараб зодикь цIорой-квачалъухъ балагьичIого, кьабун цIун букIана мажгиталда сверухъ бакI.

Рузманалдаса хадуб гьенибго бугеб активияб залалда Белоруссиялъул муфтий Абу-бекир Шабановичас тIобитIана данделъи. Гьенире ракIарун рукIана рузманалда рукIарал палестинал, туркменал, таджикал, узбекал, татарал, башкирал, Белоруссиялда гIумру гьабун ругел дагъистаниял.

Абу-бекир Шабановичас гьениб дие кьуна Белоруссиялде ислам бачIаралдаса 625 сон тIубаялъул хIурматалда биччараб медальги.

Гьенибги дие кIалъазе рагIи кьуна. Дица бицана нижер фондалъ Дагъисталъул районаздагун шагьаразда гуребги, Севернияб Кавказалъул регионазда, Россиялъул шагьаразда тIоритIарал ва тIоритIулел ругел тадбиразул.

Дие гIемерал суалалги кьуна: Дагъистаналъул кинаб бербалагьи бугеб Палестинаялда, Гъазалда лъугьунеб бугеб ахIвал-хIалалдехун ва ва цогидалги. ЦIакьго гIемерал суалал кьуна имам Шамилида хурхун: Дагъистаналда имам Шамилил цIаралда музей, библиотека бугищ, гьесие памятникал ран ругищ?

Дица бажараб хIалалда жавабал кьуна. Амма битIараб бицани, дунго намуслъана гьез цIехарабщинаб нилъер гьаниб, имамасул ватIаналда гьечIолъиялдаса.

**- «Дагъэнергоялъул» нухмалъулевлъун вукIарав мунагьал чураяв ХIамзат ХIамзатовас Шамилил фондалъе кьун букIанагури Дахадаевасул цIаралда бугеб «Дагъэнергоялъул» минаялъул тIоцебесеб этаж. Гьениб букIана имам Шамилида хурхун къватIире рачIарал тIахьал.**

- Гьеб этаж, дун фондалде вачIиндал, цогидал хасал чагIазул бетIергьанлъиялде сверизабун батана, киналгIаги тIахьалги гьенир хутIун ратичIо. Батирайил цIаралда бугеб къотIноб Гранд-Плаза абураб миналъуб кIиго рукъги ижараялъ босун, гьениб хIебтIун буго фонд. Лъеберго сон унеб буго фондалъе мина кьеян республикаялъул нухмалъиялда гьарулаго. Гьеб щолеб гьечIо. ХIисаб гьабе. Стамбулалда БахIария Джарессир проспекталда буго шейх Шамилил библиотека, Калугаялда буго имам Шамилил музей!



Калугаялда бугеб Шамил имамасул музей - мина

Дагъистаналда, имамасул ватIаналда я музей гьечIо, я библиотекаялъе бакI гьечIо.

**- Дагъистаниял гIемер ругищ Белоруссиялда?**

- Белоруссиялда гIумру гьабун буго лъабазаргогIан дагъистанияв. Гьезда гьоркьор руго 25-40 соналъ церего гьенире аралги. Минскиялда дун дандчIвана нилъер доба бугеб диаспораялъул цо-цо вакилзабигун. Пайдаял рукIана гьел дандчIваял. Гьел дандчIвазеги цогидалъеги дие кквербакъиги кумекги гьабуна эркенаб гугариялъул рахъалъ Белоруссиялъул командаялъул бетIерав тренер КъасумкенталдасаГIалим Селимовас ва Белоруссиялда вугев нилъер муфтиялъул вакил Шамил районалдаса МухIамад Ламазовас. Дие гьаниб хассаб баркала кьезе бокьун буго Дагъистаналъул муфтий АхIмад-хIажи ГIабдулаевасе. Россиялъул кинаб регионалде щваниги, дандчIваялъе гьенир ратула муфтиялъул гIолохъаби. ДандчIвазе ва кумекалъе кидаго хIадур рукIуна гьел. Аллагь разилъаги гьездаса ва АхIмад-хIажиясдаса.



> Дица бажараб хIалалда жавабал кьуна. Амма битIараб бицани, дунго намуслъана гьез цIехарабщинаб нилъер гьаниб, имамасул ватIаналда гьечIолъиялдаса.

**- Мун Калугаялдеги щун вуго-ха...**

- Калугаялде иналде цеве Москваялда дун ана Россиялъул МВДялъул централияб музеялде. Гьениб бихьана Россиялъул БахIарчи, генерал-лейтенант ГIадилгерей МухIамадтIагьировасул суратги бугеб хассаб бокIон. Дица гIажаиблъи гьабуна ва чIухIана цогидазул гьечIеб гьединаб хIурмат нилъер ракьцоясул батараб мехалда.

Дагъистаналда ва Калуга областалда гьоркьоб цебегоялдаса нахъе буго гьудуллъиялъулаб бухьен. Гьеб хадубккунги цебетIезабиялъулъ ва имам Шамилил фондалъул нухмалъулезул цояв хIисабалда 2013 соналда Калугаялъул губернаторлъун вукIарав А. Д. Артамоновас дие кьун букIана «Баркалаялъул кагъат».

Калугаялда лъабго тIалаялъул минаялда жаниб буго имам Шамилил музей:

Дун гьениве щвараб къо букIана ункъабилеб февраль, ай имам Шамил накълулъараб къо. Музеялдеги щвана, имам ракIалде щвезавиялъул тадбирги тIобитIана. Гьенир гIахьаллъана Калугаялда ругел нилъер ракьцоялги. Музеялда буго 1859 соналда бахъараб имамасул кIудияб сурат, гьесул букIараб ярагь, рагъулал алатал, ретIел-къайи ва цогидабги.

Гьанибго абун тела, Калуга шагьаралда ва областалда гIумру гьабун вуго щуазаргоялдаса цIикIкIун дагъистанияв.

Калугаялда гьабулебщинаб тадбиралъулъ аслияб хIаракатчилъи гьабула ва диаспораялъул кIудиявлъун вуго Калуга областалъул законодательнияб собраниялъул депутат ЧIарада районалъул Цемер росулъа ГIумарасхIабов Насрулаца.

**- ГIалиасхIаб, дуца гьел сапаралги гьарулел руго, фондалъул хIалтIиги нухда бачунеб буго. Баянаб жо, гьелъие хIажалъула гIарац. Дуе кумек гьабулел спонсорал ратилаха.**

- Цониги чи гьечIо фондалде ялъуни дихъе гIарац кьолев. Дица хIалтIи гьабулеб буго дирго, хъизамалъул, гIагарлъиялъул гIарцул кумекалдалъун. Лъиданиги гIарацги гьаричIо ва гьаризеги гьечIо. Дирго ва фондалъул хIаракаталдалъун имам Шамилги, гьесул гIумруги, ишалги рехсезе, гьеб тIибитIизабизе щвей дица рикIкIуна дирго талихIлъун. Гьев кIудияв инсанасул баракат щваги нилъер щивасе.

**- Ахиралда гьикъизе бокьун буго социалиял гьиназдаги, жидерго интервьюяздаги тарихчагIи ПатIимат ТахIнаевалъ ва МуртазагIали ХIажиевас цо-цо тарихиял хIужабазе мекъи кьимат кьолеб буго. Дудеги, дуца нухмалъи гьабулеб фондалдеги мустахIикъал гурел рагIаби рехулел руго. Щиб дуца абулеб?**

- Щиб мурадалда дагъистаниялъ, магIарулалъ гьединал жал абулел ругелали дида бичIчIуларо. Кинаб рокьукълъи букIине кколеб гIагараб халкъалъул тарихалде тударизе. Гьеб гьелъул намусалъул ишлъун тела. ЧIужугIадангун дун дагIбаялде, бахIсалде лъугьинаро.

Амма МуртазагIали ХIажиевасе кколеб жаваб гьабуна социалиял гьиназдасан. ЧIванкъотIун, хIужабаздалъун социалиял гьиназда гьес хъварабщиналъе далилал рихьизаруна. ГIелмабазул доктораса лъалел ратичIо тарихги тарихиял хIужабиги. МухIканаб жаваб щун хадуб гIенеккун чIана гьев.

*Гара-чIвари гьабуна*
*Пайзула ПАЙЗУЛАЕВАС.*

# Задал лъимал

**Исанасеб сон «Хьизамазул лъагIеллъунги» лъазабун бугелъул, бокьун буго Гъуниб районалъул Гъоркьа КIогъориб школалъул нухмалъулей Зада Макъсудовалъ гIуцIараб школа-интернаталъул, ай «кIудияб хьизамалъул» хIакъалъулъ бицине.**



- Дица хьихьун ругел лъималазул рукъалда цIар буго «КIудияб хьизам» абун. Гьеб цIар лъеялъул магIна буго, кIудияб хьизамалда букIунеб рукIа-рахьинги, хьвада-чIвадиги, тадбирги гьениб чIезабизе бокьиялъ. ТIоцебе букIине кколеб рацIа-ракъалъи, гIадамазул сахлъиялъе къваригIунеб квен-тIех, жиндир заманалда тIуразарулел тIадкъаял ва гьеб гуреб цогидабги. Гьелдаса хадуб бищун кIвар кьолеб жо буго лъай босиялде, тарбия кьеялде. Тарбия кьей ккола, жиндир заманалда цIалуде ин, цIалул ишал тIуразари, мугIалимасухъ гIенекки, чIахIиязул адаб, гIисиназул тIалаб гьаби. Гьеб дица рехсарабщиналъе кумек гьабула, гьаниб гIуцIараб низамалъ. Низамин абиялъул магIнаги - чIахIиязда тIадкъан буго гIисиназул тIалаб гьабизе, гьезул ретIа-къаялда, квана-гьекъеялда, ин-рачIиналда хадуб балагьизе. Гьеб кинабго цо соналъ гьабулеб хIалтIиги гуро. 1990 соналдаса нахъе гьабулеб буго. Гьенир руго бесдалал, рес гьечIел эбел-инсуца цадахъ рекъон хьихьичIел, хьихьиялда жаниб гIадлу гьечIолъи ккарал, лъималазул рокъоса рачарал, ай кинабниги 19 лъимер. Лъабго соналъ цебе букIана 20-22 лъимер. ЦIакъ кIудияб къадар лъималазул къватIиреги риччана нижеца. Чан лъимер араб, кире арал, щиб гьабулел ругелали абураб хIисаб-суал гьабуларо, гьедин гьабиялъе гIуцIараб хьизамги гьаб гуро. Дица гьаб гьабунин, доб гьабунин абурал жал рицине бокьуларо дие, - ян бицана З. Макъсудовалъ.

Задахъе гьоболлъухъе щведал, дица цIехана гьелда лъимал кир ругелилан. Гьелъ рихьизаруна гьел ва цоял ругоан хурир хIалтIулел, цогидал - богорокъор, лъабабилел - хIайваназе хьулухъ гьабулел.

Задал «КIудияб хьизамалда» тарбия щварал лъимал, кире кканиги, руго жидеего бетIербахьи гьабизе бажарулел, рукIа-рахьине лъалел. Ясазда лъала рукъ кин бачунебали, квен-тIех кин гьабулебали, хурахалъул хIалтIаби гьаризе.

**- Зада, гьаниб къваригIарабщинаб чIезабизе хIукуматалъ щиб кумек гьабулеб?**

- Гьезие кумек гьабула, жидеего бокьун, садакъа кьураз. Бесдал лъимал ругин абун, гьезие гъоркьиса бачIана Динияб идараялдасан макаронал,



гречка, пиринчI ва цогидабги битIун. Садакъа гьабула росдацагоги. Цоги, киса щив кколевали лъаларев чияс рачIана гьанире ритIун лъималазе гIодор чIезе бакIал. Гьединго, лъазего лъаларев чияс, лъималазе регизе кроватал, бусаби, къандалъаби рачIана. Бищунго лъикIаб кумек букIуна нижее «Надежда» гIуцIиялдаса. Гьез кумек гьабула ремонт гьабиялъеги цогидалъеги. Нижее кумек гьабулей СалихIат абурай гIадан йиго. Гьелъги кумек гьабула лъималазе. Хасавюрталдаса йиго Хатима абурай гIадан. Гьелъ рачIана берцинал столалги, къваригIанщинаб ретIел-хьитги, цогидабги.

ГIадамаз кумекги гьабизелъун хьихьарал лъималги гуро дир. Дица кваналебги кванан, гьекъолебги гьекъон, кинабго хIалтIиги цадахъ гьабун, дицаго гьарурал лъимал гIадин хьихьизе тIаде росарал чагIи руго. ГIадамаз бачIараб жоялъул зарал гьечIо, кьурасул кьураб къабул гьабегийин. «Дари добро» абураб фондалдаса Сидрат ГIалибеговалъги бачIана лъималазе ретIел-хьит. Гьеб босизеги рес гьечIеб заман букIиндалха чанги.

**- Лъималаз хури-хариниб гьабураб хIалтIудалъунги щолеб батила дагьа-макъаб жо…**

- Лъималаз гьабураб хIалтIудалъун щола картошка, ражи, пер, гьоло ва гьеб гуреб цогидабги. Гьелъулги кIудияб мадар букIуна. Амма ракIалдаго гьечIеб бакIалдаса бачIунеб кумекги камуларо. Аллагьас кирилъун хьван батаги.

Аллагьас бихьизе хьван батаралдаса цIакъ рази йиго. Цо кьоялъниги къварилъи бихьун, щай дие гьабин абураб рекIекълъи дир рекIелъе бачIинчIо. Дун цIакъ йохарай йиго гьаб кIудияб хьизамалъул эбеллъун яхьиналдаса.

***Р. ГIАЛИСУЛТАНОВА***



## Улкаялъул кьучI

2024 сон, РФялъул бетIер В. Путинил указалда рекъон, лъазабун буго Хьизамазул лъагIелллъун.

ХIакъикъаталдаги гьеб буго кутакалда кIвар бугеб хIужа. Щайгурелъул улкаялъул букIинесеб бараб бугелъулха хьизамалда. Гьениб лъураб кьучI ккола нилъер гIумру цебетIеялъе аслияб шартIлъунги. Нилъерго тарихги, гIадаталги, маданиятгун адабиятги лъазе ккани, хьизамалда кьураб тарбиялда барабги гIемераб букIуна.

Нилъер гIезегIан руго талихIал, лъималазе лъикIаб тарбия кьурал хьизамал. Руго гIемерал лъимал ругелги. Руго мугIалимзабазул, тохтурзабазул, инженеразул хьизамазул тIубарал тухумалго.

Нилъер гIезегIан руго талихIал, лъималазе лъикIаб тарбия кьурал хьизамал: гIемерал лъимал ругел гьединго мугIалимзабазул, тохтурзабазул, инженеразул хьизамазул тIубарал тухумалго.

Гьайгьай, гьединал хьизамал кIочон толаро улкаялъул нухмалъулездаги. Гьел кIодо гьарула, шапакъатал кьола, гьездехун гьабулеб бербалагьи киданиги гьоркьоб кьотIизе толаро. Гьединал хьизамал рихьидал, рекIелъе цо рохалилаб асарги гьезул хIурмат гьабизеги бачIуна.

## ЛЪАЗАБИ

ДРялъул бетIер Сергей Меликовас лъазабуна, Хьизамалъул лъагIел кIодо гьабиялда бан, Дагъистаналда батIи-батIиял тадбирал тIоритIизе ругин абун. Гьединлъидал, «ХIакъикъаталъул» редакциялъ ва Россиялъул Халкъазул ассамблеялъул Дагъистаналда бугеб регионалияб гIуцIиялъ лъазабулеб буго «Дир хьизамалъул тарих» абураб кьец. Гьеб тIобитIиялъул мурад буго росдал тарихалда лъалкI тарал ва лъикIаб хьвада-чIвадиялдалъун машгьурлъарал хьизамаздаса мисал босизе гIолеб гIелалъул гьира базаби.

Къецалда гIахьаллъизе ахIула 5-11 классазул цIалдохъаби, колледжазулгун лицеязул ва вузазул студентал, жиде-жидер хьизамалъул хIакъалъулъ бицине бокьарал магIарулал.

**Къец тIобитIизе буго марталдаса сентябралде щвезегIан. Киналго макъалаби рахьизе руго газеталда ва гьелъул букIине буго лъабго номинация:** 1) МахщелчагIазул тухум; 2) Миллатазда гьоркьосеб хьизам ва гьелъул гIадатал; 3) Вакьадасул (якьадалъул) дарсал.

Макъалаялда цадахъ ритIизе ккола хьизамалъул сураталги.

Нужерго макъалаби ва суратал ритIе гьаб адресалда: **kavsarats@yandex.ru.**

# Къо лъикI, дица гьекъон, къеч буссинчIеб ицц

**Заманаялъ гьанже абулеб буго**
**Даимаб сапаралъ хIадурлъе мунан.**
**Дирни ракI къанцIула кигIан хехгойин**
**Хвалил ругьел дихъе рещтIарабилан…**
***М. ГIИСАЕВ***



27 февралалда МахIачхъалаялда Р. ХIамзатовасул цIаралда бугеб миллияб библиотекаялда тIобитIана шагIир МухIамад ГIисаев ракIалде щвезавиялъул тадбир. Гьенир гIахьаллъана шагIирзаби, хъвадарухъаби, студентал, шагIирасул яс ва гIагарлъи, адабият бокьулел магIарулал.

хьазул издательствоялъул магIарул мацIалда риччалел тIахьазул редактор **ГIайшат ГIалиевалъ, Къурбан КIулизановас**. Гьез бицана шагIирасул творчествоялъул хIакъалъулъ, ритIухъльиялъе гIоло гьес борхулеб букIараб зaралъул, гIурус ва магIарул мацIазда цIалана шагIирасул кучIдул. Дагъистаналъул Хъвадарухъабазул союзалъул правлениялъул председатель Марина АхIмадовалъ кIвар къуна шагIирасул кучIдул гIурус мацIалде руссинаризе ккеялдеги.

*- МухIамад вукIана цIакъ ритIухълъи бокьулев чи. РакIалда бугеб бадибеги абулаан, щибго ккечIеб гIадин кIалъазеги кIалъалаан. Нахъасан гаргади гIадаб лъикIаб гуреб гIамалги букIинчIо гьесулъ. Гьелъги батилаха, цIакъ адабги гьабулаан гьесул гьудул-гьалмагъзабаз. МухIамад АхIмадов, МухIамад Хириясулаев, МухIамад ГIисаев – гьел лъабалго рукIана гьудулзаби. Гьездаги ва цогидал шагIирзабигун хъвадарухъабаздаги киданиги квеш букIунароан гьесул битIараб калам. ГIисаевасул цIакъго дагьал гурони гьечIо гIурус мацIалде руссинарурал кучIдул. Дун хIадур йиго гьесул кучIдузда тIад хIалтIизе,* - ян абуна гьелъ.

ТубхIат Зургьаловалъги ракIалде щвезабуна гIолохъанал шагIирзаби-хъвадарухъабазе гьес гьарулел рукIарал малъа-хъваялги бадирчIваялги.

*- Гьесул ракIбакъван букIунаан ритIухълъи батунгутIиялда. Гьеб батиялъе гIоло рухI кьезеги хIадурав шагIир вукIана гьев. Цо нухалда, дица хъварал кучIдулги цIалун, гьес абуна, мун гIадай гIолилалъул рекIелъ гьабсагIаталда гIумруялъул философия гуреб, рокьи букIине ккола. Хъвайин рокьул кучIдул. Рокьи ккарав гIолилав дур ватичIони, ургъизеги бегьулин абун.*

*ГIемер данделъулаан ГIабасил МахIамадихъ. Гьесул вас ГIабасидаги бихьулеб букIун батилахе борхахъе ккураб гьесул зар ва гьоркьогьоркьоб заралъ керен бухи. Гьес шагIирасда абулеб букIун буго «керенбух даци» абун,* - йилан бицана гьелъ.




МухIамад вукIана цIакъ ритIухълъи бокьулев чи. РакIалда бугеб бадибеги абулаан, щибго ккечIеб гIадин кIалъазеги кIалъалаан. Нахъасан гаргади гIадаб лъикIаб гуреб гIамалги букIинчIо гьесулъ. Гьелъги батилаха, цIакъ адабги гьабулаан гьесул гьудул-гьалмагъзабаз.

МухIамадил гIумруялъул ва творчествоялъул хIакъалъулъ бицана библиотекаялъул гIагараб ракь лъазабиялъул отделалъул нухмалъулей **ПатIимат МуртазагIалиевалъ**, тадбир нухда бачарав, Дагъистаналъул Хъвадарухъабазул союзалъул авар секциялъул нухмалъулев **МухIамад МухIамадовас**, лезгиязул секциялъул нухмалъулев **Максим ТIагьировас**, ДРялъул халкъиял шагIирзаби **Сабигат МухIамадовалъ, Аминат ГIабдулманаповалъ, Шейит-Ханум Алишевалъ**, шагIирзаби **ТубхIат Зургьаловалъ, ГIайшат Малачиевалъ**, Дагъистаналъул тIалан бицана гьелъ.

ГIайшат ГIалиевалъги бицана жинца цо херав чиясул пикрабазул бицунеб кечI хъван букIанила. Гьебги цIалун, ГIисаевас абунила дуда щибила лъалеб херазул кинал пикраби рукIунелали, гIолилазул пикрабаздасан байбихьизе кколин.

КIалъазе рахьараз бицана М. ГIисаевасул кучIдул гIурус мацIалде руссинаризе кколин ва хIукму ккана лъагIалил ахиралде гIурус мацIалда МухIамад ГIисаевасул кучIдузул тIехь къватIибе биччазе.

***Шамай ХЪАЗАНБИЕВА***

## НИЛЪЕРАЛ - СВОялда

# Рагъухъан, рагъухъан, ругъун киб щвараб?..

**… Рагъухъан, рагъухъан, ругъун киб щвараб?**
**Дица катан къала, дарман гьабила.**
**Дур гьумералъул кьер, кIутIбузул бакъвай –**
**Ма, гьекъе, гьалмагъ, лъим, гьабе цо сабру…**
***Р. ХIАМЗАТОВ***



2015 соналда ТIануси росдал школаги лъугIизабун, **Мухлисат Пахрудинова** цIализе лъугьана Кисловодскиялъул медколледжалде. Гьебги лъугIизабун, гIолилай гьенийго хIалтIизе чIана.

ГьабсагIаталда Мухлисат йиго СВОялда. Кьойил дандчIвалеб хвелги, хвалдаса рагъухъаби хвасар гьаризе бахъулеб хIаракатги, ВатIаналъул парахалъи тIадбуссинабиялъе лъолеб гьитIинаб, амма кIудияб магIнаялъул бутIаги – гьеб киналго руго гIолилалъ жинцаго тIаса бищараб къисматалъул бахIарчиял тIанчал.

Нух битIаги гьелъул анищазе.

* * *



Харахьи росулъа жиндиего бокьун СВОялда гIахьаллъизе арав МухIамад ГIалиевасул хIакъалъулъ лъикIал пикраби руго «Каспий» батальоналъул командирасул.

МухIамадил гIагарлъиялъухъе, росдал жамагIаталъухъе битIун бачIараб Баркалаялъул кагътида гьес загьир гьабулеб буго БахIарчиясе рецц.

* * *

СВОялъул гIахьалчи Батир Къебедовасе хун хадуб щвараб Бихьинчилъиялъул орден Хунзахъ районалъул нухмалъулес кьуна гьесул эбелалъухъе.



# ЦIородасан ххариги, волейболги, авар мацIалда диктантги

**ГIезегIан мех букIана Хунзахъ тIалъиялде вахинчIого. Шагьаралда букIунеб хIалуцараб ахIвал-хIалалъ свакаразаврав дун, магIарухъ букIунеб сихIкьотIиялъухъ урхъун вукIиналъ сапаралъ вахъана. КьватIиб кьварараб хасел бугелъул, гIодоркьоял хинаб печалда цебе рокьобго инин абидал, таксиялда цадахъ йикIарай росуцоялъ абуна: «Эбелхваги магIарухълъиялъул. Хаселгицин букIуна гьениб бихьинаб», - ан.**

**Гьава-бакъалъухъги гIодоркьоязухъги балагьичIого, хIалтIул рахъалъ хIалуцун батана районалда гIумру. Гьениб бараб кIиго-лъабго кьоялда жаниб, чамалиго тадбирги тIобитIана, гьезул цо-цоязда гIахьаллъизе диеги рес щвана.**

## Волейбол

Хундерие волейбол бокьулеб куцалъул бицунго бажариларо. Гьеб буго районалда эркенаб гугариялъдаго цадахъ бищунго цебетIураб спортивияб тайпа. Бицен буго советияб заманалда гIурус учителас цадахъ босун сеткаги торгIоги бачIиналдасан бижанин Хунзахъ волейболгиян. 1951 соналъ Хунзахъ районалъул команда СССРалъул чемпионалъунгицин бахъун букIана. Гьеб заманалдаса жакъа кьоялде щвезегIан волейболалъулгун щулияб гьудуллъи хундерица кьотIизе тун гьечIо. Бищунго волейбол хирияб чагIи тIанус ругин абуни, мекъи ккеларо. ХIатта волейболалъул таргIие бараб памятникцин буго гьезул росулъ. ПалхIасил, гьитIиназдаги кIудияздаги гьоркьор волейбол хIазе лъаларев чи ТIанусив дандчIвазе захIматаб жо.



Гьале гьаб нухалдаги районалъул бетIер НурмухIамад Задиевасул призазе гIоло, ВатIан цIунулезул кьоялъул хIурматалда, росабазул кьокъабазда гьоркьоб кIудияб турнир тIобитIана. Гьениб гIахьаллъи гьабуна 12 бихьиназул кьокъаялъ. КIиябго кьоялъ хIалуцарал кьецазухъ балагьизе рачIараз занкIун цIун букIана Р. ХIамзатовасул цIаралда бугеб спортивияб комплексалъул зал.

Финалалдайин абуни, гIурусаз абухъе, «гIеч бортизе бакIцин» бугин кIинчIо гьениб. Финалалде бачIана Хунзахъ ва ТIануси росабазул кьокъаби. Кутакалда хIалуцараб хIаялъул хIасилалда (ахирисеб партиялъул счет 42:40) бергьенлъи босана тIанусдерица. Ахирал соназ гьеб кIиябго кьокъаялъ «цоцахъа бахъи» гьабулеб буго гьеб кубок. Лъабабилеб бакIалде бачIана гьоцIдерил кьокъа.

## ЦIородасан ххари

2015 соналдаса байбихьун Хунзахъ районалъул Макьасда санайил тIобитIула цIер чIвараб чвахелоялдасан ххариялъул кьец. «Фестиваль ледолазания» абураб тадбир тIобитIиялъе квербакъи гьабула ДРялъул спортивияб туризмалъул федерациялъ. БатIи-батIиял гIиллабазда бан, 2019-2022 соназда гьеб тадбир тIобитIизе рес ккечIин бицана гIуцIарухъабаз. Ва гьале гьоркьиса цIигьабуна гьеб лъикIаб гIадат.



Фестивалалда гIахьаллъи гьабизе бегьула бокьарав, балугълъиялде вахарав, дагьабгIаги черх лъадарарав, физическияб хасиятал церетIурав чияс. ГIахьаллъизе бокьараз dagfest.ru сайталда хъвай-хъвагIайги гьабизе ккола.

Гьеб кьецалда гIахьаллъизе кколаан тIолабго Россиялдаса 14 кьокъа. Амма гьединабго тадбир Осетиялдаги тIобитIулеб букIиналъ, гIемерисел гIагарда бугеб бакIин абун, гьенире ана.

ЦIородасан ххаризе хIалбихьи гьечIезе, фестиваль байбихьилалде чанго анкьалъ цебе хасал дарсалги гьарунин бицана гIуцIарухъабаз. Фестивалалда рукIана жидецаго ва кьокъабиккун гIахьаллъи гьабулел.

«Соналдаса соналде гьал кьецаздехун гьираги гIахьаллъулезул къадарги цIикIкIунеб буго. Исана гIахьаллъана ДГУялдаса кIиго кьокъа, Каспийскиялъул механикияб техникумалдаса, скалолазаниялъул федерациялъул, МЧСалъул хIалтIухъабазул, хундерил ва Астраханалдаса кьокъаби.

ЦIородасан ххаризе бищун лъикIаб заман буго январь ва февраль моцIал. Гьеб мехалъ жеги цIер къвакIунго букIуна», - ян бицана гьеб тадбиралъул гIуцIарухъан ДРялъул МЧСалъул хIалтIухъан Мурад Гьойчуевас.

Кьокъабазда гьоркьоб тIоцебесеб бакIалде бачIана Каспийскиялдаса «Вертикаль» кьокъа. Жалго гIахьаллъулеб бутIаялда бергьана Хунзахъа МухIамад Майндуров. Профессионалазда гьоркьоб чIел босана ДГУялъул студентас.

## Авар мацIалда диктант

Спорталдаго цадахъ, рухIияб рахъалъул тадбиралги тIоритIана гьел кьоязда Хунзахъ.

Дун ахIун вукIана Хунзахъ росулъ бугеб лъималазул библиотекаялда тIобитIулеб «ГIакъилал ва цIодорал» абураб хIаялдеги. Гьенир гIахьаллъана Хунзахъ росдал №2 школалъул цIалдохъаби ва гьезул улбул. Рахьдал мацIазул кьоялда хурхун тIобитIулеб гьеб кьецалда гIахьалчагIи рикьана лъабго кьокъаялде: васал, ясал ва улбул. Гьезие кьолел рукIана магIарулазул тарихалда ва маданияталда хурхарал суалал. Абизе бегьула чIахIияздаса кьечIин лъималгиян. Гьениб бихьулеб букIана лъималазул жидерго рахьдал мацI жеги гьваридго лъазеги гьелда гаргадизеги кIудияб гьира букIин. Амма киса-кибго бугеб гIузру – гьеб суалалда хурхун эбел-инсул рахъалъан кверчIвайги кумекги щунгутIи. ГIурус мацIалда цIикIкIун гаргаданиги, жидерго рахьдал мацIги гIезегIан лъикI лъалеб бугоан лъималазда.

24 февралалда Р. ХIамзатовасул цIаралда бугеб цIияб бараб ГIараниб школалда районцоязда гьоркьоб тIобитIана авар мацIалда диктант.

Тадбир нухда бачана «Тахшагьар» жамгIияб гIуцIиялъул ва Хунзахъ районалъул жамгIияб палатаялъул вакилзабаз. ЖамгIияв хIаракатчи Тимур ГIумаровасул нухмалъиялда гьоркь дагьаб цебегIан гIуцIараб гьеб гIуцIиялъ гIезегIан тадбирал тIоритIана. Масала, Хунзахъ росулъ цIияб рагьараб модельнияб библиотекаялда тарихчагIиги гIахьаллъун, школлъималазе бицуна районалъулги Дагъистаналъулги тарихалъул, тIоритIула батIи-батIиял кьецал.

Гьале гьаб нухалдаги магIарул мацIалда диктант хъвазе данделъана районцоял. ГIахьалчагIи рикьун рукIана лъабго кьокъаялде: байбихьул классазул цIалдохъаби, чIахIиял классазул цIалдохъаби ва чIахIиял. Бищунго гьира-шавкъгун гьенире рачIун ругоан школаги лъугIун диктантал хъвачIого лъикIаланго мех барал чIахIиял. ПалхIасил, 50-гIан чияс гIахьаллъи гьабуна гьеб кьоялъ диктанталда.

Диктанталъул текстал рукIана магIарулазул ва Дагъистаналъул тарихалда маданияталдаги тIасан гIуцIарал.

Дунго хIалтIабазухъ халгьабулев комиссиялда вукIиндал, диктантазул хIасилаз ракI бохана. КьанагIатги чияс диктант хъвалаго ункъо-щугоялдаса цIикIкIун гьалатI биччан батичIо, диктанталъул текст бигьаяб букIинчIониги.

Бищунго лъикI ва берцинго диктант хъваразе гIуцIарухъабаз кьуна дипломал ва сайгъатал.

ГIараниб гьоркьохъеб школалъул директор СалихIат ПатахIовалъ абуна хадурккунги гьединал тадбирал кIудияб байрамалде сверараб даражаялда тIоритIизе кIвараб квербакъи гьабилин.

Гьалеха, гьадин ана магIарухъ гIодоркьоял. БитIун бицани, тIоритIулел тадбираздаги цо батIияб нур, батIияб хинлъи букIуна рекIее гIагараб бакIалда – магIарухъ тIобитIулелъул.

***МухIамад МАНАПОВ***



# Гьанхъадерил газа

**Гъоркьиса 17 ноябралда къватIибе бачIараб «ХIакъикъаталда» бахъун букIана «Гьандихъеги газ бачIана» абураб бетIералда гьоркь макъала. ХIакъикъаталдаги Шамил районалъул росабазда гьоркьоб тIоцебе газ бачараб росу ккана Гьандихъ. Жакъа кьоялде гьеб росдал рагIалде щун буго ва кватIичIого щивав чиясул рокъобеги бачIина.**

Жакъа магIарул росабалъе, мугIрузда гIумру гьабун ругезухъе газ бачин буго цIакъ хIажатаб ва кутакалда пайдаяб иш. МагIарухъ гIумру гьабун ругел гьелъие церего мустахIикъалги рукIана. ГIезегIан гIакъубаги бихьун магIишат гьабулеб бугелъулха жакъаги магIарухъ. Гьединлъидал, росабалъ ругезе гIумру гьабиялъе хIукуматалъ шартIал чIезаризе ккола. Амма гьарулел ругищха? Гьеб суалалъе я ругин, яги гьечIин абун чIванкъотIараб жаваб кьезе кинго рес гьечIо. Щайгурелъул ахирал соназда росабалъ гIезегIан хIалтIаби гьарулел руго пачалихъалъул батIи-батIиял программабазул, проектазул кумекалдалъун. Амма гьелдаго цадахъ гIемерал хIалтIаби гьарулел руго жалго жамагIатази – букIа гьеб гваял гьарун яги цогидаб къагIида хIалтIизабун. Гьеб къагIида магIарухъ гIасрабаз букIана ва «ЖамагIаталъул газа кьурдаги рекIунин» абураб абиги гьелъул кьучIалда бижараб буго. Гьайгьай, гьанхъадерил жамагIаталъулги рекIуна газа кьурда. РекIиналъе гIиллаги – кинаб бугониги гьабулеб хIалтIи, цадахъ бахъун жамагIаталъ гьабулеб гIадат букIин.

Иргадулаб нухалда гьеб росулъе унелъул, хасалил заман бугониги, магIарухъ дагьаб хинаб къо букIиналдаса пайдаги босун, жамагIат батана райцентралде унеб аслияб шагьранухдаса росулъе рачIунеб нухда хIалтIи гьабулел. Гьеб ккола «Хунзахъводстроялъул» нухмалъулевлъун вукIарав мунагьал чураяв Гьандихъа ГIалиев ГIарипил хIаракаталдалъун бахъун букIараб нух. Исана риидал росдал бегавул ГIабдулвахIид ГIабдулвахIидовасул ва жамагIатчи МухIамад ГIабдулвагьабовасул хIаракаталдалъун, нухазул идараялъул кумекалдалъун, 10-ялдаса цIикIкIун километр халалъуда бугеб нух лъикIаланго гIатIид гьабуна ва къачIана. Нухлул рагIалчIван лъуна рогIрал, лъим нухде бачIинчIого букIинелъун. Нухлул рагIалдаса гIебеде абуни - блокал, щибаб сверуда – хIажатал гIаламаталгун.

*- Амма магIарухъ бугеб нух, цо нухалда къачIанинги абун, гIаса квер босун тезе бегьуларо. ЦIад, гIазу банщинахъе нухде бараб ракь, миччил чурун уна, гьороца тIаса хьал бахъараб гIадинги гьабун, ракьулъ ругел гIисинал, чIахIиял ганчIал цере лъола. Гьеб мехалда машинаби рачинеги захIмалъи букIуна. Гьединаб хIал букIингин хIисабалде босун, хIажатал алаталгун, жамагIат нухде бахъана ва кIвараб манзилалда къватIибе бакканщинаб ганчIидаса нух эркен гьабулеб буго,* - ян бицана росдал бегавул ГI. ГIабдулвахIидовас.

Радалидаса бакъанидалъегIан, къадекваназеги какал разеги гурони лъалхъичIого, гьанхъадерил бихьиназ нухда гьабулеб хIалтIи рагIалде бахъинабуна. Гьединаб лъикIаб ишалдаса разилъарав бегавулас росдал жамагIаталъе баркалаги кьуна ва мажгиталъул имам Увайс Дибировасул нухмалъиялда гьоркь киназго дугIаги гьабуна.

Ахирал соназда гIемерисел росабазул унтилъун лъугьун буго гIолохъаби, лъикIаб гIумру-яшавалда, бигьалъиялда ва рахIаталда хадуб, гIатIиракьалде гочунел рукIин. Заманалдасан, щулаго хIатIазда рахъун чIейдал, гьез аскIоре рачунел руго эбел-эменги. Гьедин, дагь-дагьккун чIороголъулел руго росаби, гIурдаде сверулел руго хурзал, чIунтулел руго ахал. Гьеб унтул хIакъалъулъ газеталдасанги гIемер бицаралъул, чIамучI гьабиларо, амма абила гьелъ къанагIатабги росу гьоркьоб толеб гьечIин абун. БатIалъи щиб, гьебго хIал буго Гьандихъги. Бегавулас бицухъе, росулъ жамгIиял хIалтIаби гьаризе, цебе гIадинаб къуват гьечIолъиялъ, гIезегIан захIмалъаби дандчIвалел руго. БитIахъе абуни, цого чагIазде кколеб буго хIал.

*- Гьайгьай, хIажалъи кканщинахъе, шагьараздаса гIолохъабиги рачIуна. Гьезги гьабула кIудияб кумек. Кин бугониги, хIалтIул аслияб бакIлъи росулъ ругезде ккола. Дунгоцицин нечон вукIуна гьезда щиб бугониги малъизе, амма рес щиб,* - ан бицана бегавулас.

ГIабдулвахIид бегавуллъун ккараб заманалда, ай ункъо соналъ цебе, Гьандихъ букIана 164 цIараки. ГьабсагIаталда хутIун буго 130-гIанасеб. Кирго ругел социалиял объектал руго гьенибги - гьоркьохъеб школа, участкаялъулаб больница, ясли-ах, культураялъул рукъ, кIиго мажгит, киналго шартIал жанир ругеб кIудияб мадраса.

Росулъ ругел гIадамазе гIумру гьабиялъе руго санагIатал шартIал, токалъул рахъалъ гьечIо абизегIанасеб къварилъи. Хъил тIун гьечIониги, тIадехун бицухъе, росулъе рачIунеб нухги буго лъикIго къачIараб. Цогидазде ккечIого кинабго хIалтIи тIубазе гIураб техникаги буго гьезул – КамАЗ, миксер-машина, трактор, экскаватор ва цогидаби.

ЦIикIкIараб къадаралъе гIурал гьечIониги, руго ресал гIи-боцIи хьихьизеги (10-15 чи ватила гьеб ишалда), руго ахалги. Гьандихъ гIезегIан лъикI бижула гени-гIеч ва цогидаби нигIмат. Буго СПК ва гьелъул кинабго гIи-боцIи букIуна Бабаюрталъул зонаялда бугеб хьуtаналда.

*- Росдал мурадал тIураялъе, къваригIараб бакIалда хIалтIизабизе щибаб соналъ СПКялъ кьола 500 азарго гъурущ. Фермеразулал магIишатал (КФХ) росулъ гьечIо. ГIадамал гочун иналъе аслияб гIиллаги буго, кибго гIадин, гIолилазе хIалтIизе бакIал гьечIеблъи,* - ян бицана ГIабдулвахIидица.





Жакъа росдае нухмалъи гьаби расги бигьаяб иш гуро. Щолеб харжги гIемераб букIунаро (24 азарго гъурущ). Амма ГIабдулвахIидица бицухъе, бегавуласги магIишат гьабизе кколелъул, хьихьула гIи-боцIи, бекьула хур.

Росдал гIадамаз бицана бегавуллъун ккаралдаса нахъе жиндирго рукъалъе гьабин абизе мунпагIат гьабизе гьев регIуларин, кидаго вукIунин росдал ва жамагIаталъул ишал тIуралев. Хасго гьес кIвар кьолеб ишлъун лъугьун бугин, цебе рехсохъе, росулъе бачараб газ. Гьебин абуни бачун буго гIезегIан борхатаб кьурса гьоркье.

ГIабдулвахIидил рагIабазда рекъон, гьеб бачиналъеги унго-унгояб жигарчилъи бихьизабуна росдал гIолохъабаз. Гьанже хIалтIи гьабулеб буго росулъ жаниб гьеб рахъалъ хIалтIи гьабиялъе, проект бахъизе документал (кинабго хIадурун, ункъо министерствоялъул мугьрабиги лъун) кьун руго ДРялъул Ралел бакIазул министерствоялде ва «Спецгазстрой» идараялде.

ГIемерисел росабалъ гьечIеб цо цIакъаб къагIидаги батана гьанхъадерил жамагIаталъул. Масала, росулъ кинаб бугониги хIалтIи-иш гьабиялъе щибаб моцIалъ гIарац бакIарулеб хасаб фонд гIуцIун букIин.

*- ХIакъикъаталдаги буго гьединаб фонд (цо жамагIатчияс тIубазабула гьелъул хIалтIи). Щибаб цIаракиялъ моцIрое кьезе ккола 500 гъурущ. Гьайгьай, рес бугес цIикIкIунги кьола. Дица тIадехун рехсараб техникаги буго гIадамаз гьедин бакIарараб гIарцухъ босараб. ЦIакъ къанагIат гурони кколаро росдал гIаммал ишазулъ гIахьаллъуларел ялъуни гьезие квербакъуларел чагIи, гIумру гьабун кир гьел ругониги. Дица абила, гьеб рахъалъ нижер жамагIат бугин гъункараб, гIадамалги ругин ахIараб бакIалде рачIунел, хIажатаб хIалтIи тIубазе кидаго хIадурал. Амма фондалде гIарац кьей тIадаблъун гьабураб иш гуро. Бокьарас кьола, бокьичIес кьоларо. ТалихIалъ нижер гIадамал руго, кир гIумру гьабун ругониги, росдалгун бухьен кьотIизе толарел,* - ян абуна ГI. ГIабдулвахIидовас.

Росдал бегавуласул хIалтIуе къимат кьолеб цо чанго гIаламаталда гьоркьоб буго бакIалъулал (ракьалъул, буголъиялъул) налогал ракIариялъул суалги. Гьеб рахъалъ кинаб ахIвал-хIал бугеб Гьандихъин цIехедал, ГIабдулвахIидица бицана ахирал соназда киналго налогал ракIарулаанин 100 проценталъ.

*- ЖамагIаталъул данделъиги ахIун, щибаб цIаракиялда тIадаблъун гьабун букIана санайил налогазул 500 гъурущ кьезе. ЛъагIалие росдае чIезабураб 200 азаргогIанасеб гъурущги кьолаан гьеб гIарцудасан, гьебги кьолаан кинабго цадахъ, цо чиясул цIаралдасан. Гьоркьиса, гьеб гIарац цо чияс гьедин кьезе бегьуларин, щивасда тIадаб бугин гьеб жинцаго кьезеян абун, налогалъул идарабаз гIадлу къвакIизабуна. Гьединлъидал гьеб рахъалъ руго захIмалъаби,* - ян бицана бегавулас.

Бихьулеб буго росулъ гIемераб хIалтIи гьабун бугеблъиги. Хасго росдал жанисел нухал руго бетон тIун къачIарал. Рищни-къул бакIариялъе буго чIезабураб низам ва гьеб балеб хасаб бакI. Щибаб авалалда руго берцинго къачIан гьарурал иццал. Амма бегавулас бицухъе, лъел рахъалъ гьарзаяблъун букIараб росу, ахирал соназ гIазу-цIадал ралароро рукIиналъ, дагьаб захIматаб бакIалде ккун буго.

*- Гьеб хIалги хIисабалде босун, магIардаса гьоркье лъим бачине гIамал гьабулеб буго. Гьелъул цо бутIа гьабунги буго «БацIцIадаб лъим» абураб пачалихъияб программаялде гьоркьореги лъугьун. Аслияб хIалтIи гьабиялъе документал кьезе ккола исана.*

*Ахираб 2-3 соналъ «зеленка» гьабизе кIоларого букIана школалда цебе бугеб гIамIилъиялъул. ГIемераб ракьги баччун, битIизабураб гьеб майданалда (1500 квадратияб метр) къваригIун буго, тIаде бетонги тIун, машинаби чIолеб бакI гьабизе.*

*Росдал цIияб авалалде унеб нух (450 метр) бетонги тIун къачIана. Жеги тIезе буго 300-ялдаса цIикIкIун метралде.*

*Райцентралде унеб шагьранухдаса росулъе буго 10 километр. Гьенибеги хьил тIезе къваригIун буго, исана гьеб иш гьабиялдеги тIаделъила,* - ян абуна гьанхъадерил бегавулас.

Гьайгьай, росу чIараб бакIалда гьаризе ккол ел хIалтIаби рукIуна цIакъго гIемер, камуларо квалквалал, дандчIвалел масъалаби. Руго гьел Гьандихъги. Амма жамагIаталъул, бегавулас абухъе, хасго гIолохъабазул, жамагIатчагIазул кумекалдалъун гьел тIуразарилалъе кIвараб жигар бахъулеб буго жакъа ГIабдулвахIид ГIабдулвахIидовас.

***ГIабаш ГIАБАШИЛОВ***

# Директорасул рухIияб дунялалде сапар

**Учитель. Нилъер щивасул гIумруялъулъ гьес кколеб бакI цIакъго кьадруяб буго. Школалъулаб гIумруялъул ракIалдещвеяз зама-заманалдасан кьалъизабула нилъер кьисмат. ЦIалдохъабазул ракIалдещвеязулъ даим чIаго вукIуна учитель. РикIкIада сапаралдаса гIагараб росулъе щведалги яги шагьаралда гIумру гьабулев росулъе щведалги, гIедегIула учителасухъе. Щайгурелъул нилъер лъимерлъиялъулги балугъалъиялъулги цо бутIа гьесул рекIел гъварилъуда хIалхьиялда букIуна. Гьелдаса рикIкIалъанагIан, пикрабаз гIагар гьарула учительги цIалдохъанги. Гьелъул пикру гIолохъанлъиялда гIемер гьабулароан. Нилъ рихьараб мехалда, херав учителасул бадиб хулулеб магIил гороялъ цIидасанги ахIула маргьалъун нилъее букIараб хIикматаб дунялалде. КъобахъанагIан гIумруялда кколеб бугеб саназул савуялъ сири базабурал ракIалдещвеяз рачун ратула даим нилъ хIасратлъун хутIизе ругеб лъимерлъиялъухъе. Ва гьенив нилъеда ватула учитель. ГIедегIуларо нилъ учителасул хIакъалъулъ хъвазе, бицине гьев чIаго вугеб мехалда, амма гьев цевеса индал, бичIчIула гьеб камиялъул багьа. Гьаб гьитIинабго макъала сайгъат гьабизе бокьун буго росдаего гьанжегицин директорлъун хутIарав, РФялъул ва ДРялъул мустахIикъав учитель, Ленинил ва ЗахIматалъул БагIараб байрахъалъул орденазул кавалер, Хунзахъ районалъул ТIануси росулъа МухIамад ГIабдулхаликъовасе.**



## ГIумруялъул дарсал

БитIун бицани, ракI къварилъизе бачIунеб буго директорасул бицен гьабизе лъугьиндал – гьевгун цадахъ ТIануси росдал школалда хIалтIана дир эмен Расулги (30 соналъ) эбел ХIалиматги (50 соналъ). ГьитIинай дида гьез гIемер бицунеб рагIулаан директорасул хIакъалъулъ. Жийгоги елъулаан эбел, ккараб цо лъугьабахъин бицунеб мехалда. Пуланав цIалдохъанасул кьимат сабаблъун къацандизе ккун руго гьел. Валлагь, кканаха «цIа боркьараб рагъилан» бицана гьелъ. Гьанже жал киданиги кIалъазе гьечIиланги абуна. Къаденахъе, дарсалги лъугIун рокъоре щвараб мехалда, йигоха бицуней жинца директор вихьичIеб ххвел гьабунила, свериги босун, рикIкIадасан ине хIаракат бахъанила. Айги йихьун, хадув ахIтIон вуго гьев, ХIалимат, йорчIамийилан. Чара хварай жинца абунила, унго, дуда гьечIеб яхIилан. Цинги цадахъ кIиялго ракI-ракIалъ релъанхъанила. Гьединго гьез абула киданги цониги учитель цеве ккезе толарила гьес салам кьеялъейилан. ЦIалдохъабазеги салам жинцаго кьолаан гьес.

Бокьун гьечIо хъвазе гьев хIикматав инсанасе щварал шапакъатазул хIакъалъулъ. Гьабила гьитIинабго сапар гьесул рухIияб дунялалде.

ГьитIинасги кIудиясги, къватIиса рачIаразги, росдал киналго гIадамазги гьеседа директорилан абулаан. Цо-цояз директор МухIамадиланги абулаан. КъанагIат гурони, цIарцин абулароан.

Кинавлъунха гьев нижееги, расдаеги, районалъеги, гьесул киналго цIалдохъабазеги хутIарав. ТIадегIанал шапакъатал щварав чилъуниц яги росдал школалъе 30-ялдасаги цIикIкIун соналъ нухмалъи гьабуравлъуниц!? Гуро. Гьесул щибаб гали хутIана гIумруялъул дарслъун.

## Баркала, директор, дур гIакълабазухъ!

Директорас нижее кьолаан авар адабияталъул дарсал. Кодоб тIехьги ккун, щибаб дарсида гьес нижее цIикълаан кьокъал гIакълиял харбал. Ахир гьес нижее бицунароан. Хадусеб дарсиде нужецаго ургъейилан абулаан. Цин нижеца хъваралъухъ гIенеккулаан, цинги цIалулаан хабаралъул ахир. Гьайгьай, директорасул ахир кидаго нижералдаса тIокIаб букIунаан. Цо нухалда нижеда ракIалде ккана директорас гьеб тIехь киб лъолебалиги халгьабун, гьелдаса киналго харбазул ахир лъазабизе. Жилдал хъахIилал рукIин гурого, тIехьалда цIарги лъалароан нижеда. Нижеда бихьилареб хIалалъ кIиги чIван кколаан гьес тIехьги. КигIан балагьаниги, щвечIо гьеб нижехъе. Цо нухалда директорасухъа столалда лъун хутIана гьеб, живго къватIиве ахIун унелъул. Гьев къватIивехун иналда цадахъ столалде аскIоре нижги щвана. Ниж цIоро-гъорон хутIана – гьеб батана тIохьол гIадал къвакIарал жилдазул чIобогояб тетрадь. Бихьулищха – тIохьода ругел харбалиланги абун, гьес жинцаго ургъулел рукIун нижее гIакълабазул цIурал асарал. Ва нижеда ракIалде ккана хадусеб дарсиде иргадулаб хабаралъул ахир цо гьабизе:

> Данделъанщинахъе ракIалде щвезарула нижерго учительзаби. Амма кватIана гьезухъе щвезе, гьел чIаго рукIаго, гьезда берцинал рагIаби абизе. Бугониги, гьел нижер ракIазулъ даим рукIине руго.

**- Баркала, директор, дур гIакълабазухъ!**

БичIчIана гьесда кинабго. Гъорланго гьимизеги гьимун, гьаб нухалда нуж бергьанин абуна гьес. Амма гьесул гьариги тIубазабурабха нижеца. Жиндир гьеб балъголъи цогидал классазул цIалдохъабазда бицунгейилан абун букIана гьес нижеда.

Гьаб цо лъугьа-бахъиналъул хIакъалъулъги бицине гьира ккана. Авар адабияталъе четверталъе кьимат рициндал, цо цIалдохъаналъ абуна жий лъураб кьиматалда рази гьечIилан абун. Директорас абуна жиндир цохIо суалалъе жаваб кьуни, щуйилаб кьимат лъезе бугилан. Амма жаваб хехго кьезе кколилан тIадеги жубана. Щивниги рекIедаго ватилалде, гьес гьикъана Инхоса ГIали-ХIажи киса кколевилан. УргъичIого жаваб кьуна цIалдохъаналъ, ГIоротIаса кколилан. СихIкъотIун чIун нижги рукIана. Цо заманалдасан хьимхьими бахъана директорасул. Ва цинги бичIчIана нижеда суалалдаго гъорлъ жавабги букIараблъи. Рази гьечIилангицин абизе кIвараллъухъиланги абун, гьес гьей ясалъе щуйилабги лъуна. Гьединал ракIалдещвеял гIемер руго нижер.

Данделъанщинахъе ракIалде щвезарула нижерго учительзаби. Амма кватIана гьезухъе щвезе, гьел чIаго рукIаго, гьезда берцинал рагIаби абизе. Бугониги, гьел нижер ракIазулъ даим рукIине руго. Гьезул кьерал мигълъана. Нижее дарс кьуразул гьанже чIаго руго ГIубайдула МухIамадов, ГIабдусалам ХатIипов, МухIамад ГьазимухIамадов. Гьезулги гIемерабха нижеца бицунеб. Гьезул хIакъалъулъги хъвазе ракIалде ккана. ТIасалъугьайилан гьаризеги бокьун буго. КватIун кканадаян хIинкъизеги бачIунеб буго.

Бугониги, хIурматиял учительзаби! ГIумруялъго цоцазе хIажаталлъун гьарун руго нилъ. Учительги цIалдохъанги. КIиго ицц. КIиго гIидра. КIиго цIва. КIиго цIа. КIиго тIогь. КIиго тIадегIанлъи. Цояб цоялъе камуни, канлъиги загIиплъулеб, кьечги хьвалареб, гIумруялъул гIидраялда тIугъдулги речIалел. Гьелъго батила, пикрабаз данделъанщинахъе кIиабилеб рукълъун лъугьараб школалде рачунел. Гьеб гьайбатаб, маргьабазулаб дунялалда нижеда «дандчIвазе» вачIуна нижерго директорги, «рачун» жиндирго учительзабигун.

## ТалихI сундаса байбихьулеб?

Гьалеха цIидасанги тIадюссуней йиго директорасул хIикматазул тIехьалъухъе. ЦIарги гьединаб хIикматаб букIана гьелда - «ТалихI сундаса байбихьулеб?»

*- Щивав инсанасул талихI байбихьула тIоцебе гьес гьабураб лъикIаб ишалдасан. Гьелъ лъола гьесдаги цогидал гIадамаздаги гьоркьоб талихIалъул кьо. Гьеб кьодул ссакI щулалъизе ккани, кьойил гьаризе ккола лъикIал ишал. ЛъикIал ишазде гьоркьобе гьединго уна, цохIо кумек гьаби гуребги, цоцазе гьимигицин. Гьеб гьимиялъ инсанасул ботIролъа нахъе рачахъула къваридал пикраби. Нужеца гIадамазе габулеб лъикIлъи гьимиялдасан байбихье. Гьелдаго цадахъ рекъон ккола лъикIаб, хIеренаб рагIиги. Ва цинги талихIалъ жинцаго риччала кьалбал нилъер гIумруялъулъе...*

Гьеб кьокьабго хабаралъе ахир нижецаго ургъизе кколаан.

Кинабха букIараб гьеб, директорасул талихI. Кинаб кьер букIараб гьелъул, кинаб тIагIам.

Бегулеб буго гьев хIикматав инсанасул гIумруялъул тIохьол иргадулаб тIамач. Росу рагIалда бугеб кIудияб гIурдаллъиялда гIисинлъималгун васандулев вугев гьесул сипат бачIунеб буго цебе. Гьез хIалеб буго «БурдичIвай», яги футбол, «Снайпер» ва цогидалаги хIаял. Доб мехалда гьел лъималазда бичIчIулеб букIун батилищха директорас ургъунго кьезе бахъулеб букIараб хIаракатги. Лъималазе бокьулароан гьев жидерго командаялда вукIине. Дандиязул команда кьуни, директорас гьаб цояб командаялъе гIарацги кьолеб букIиндал. Гьес хIаракат бахъулаан данде ругезда гьоркьоре дагьалниги ресукьал лъимал ккезаризеги, гъурщал гьезие щолеб хIалалда.

Амма цо аслияб шартIги цебе лъолаан гьес лъималазда – метер дарсазде хIадурун ратичIел яги лъикIал кьиматал ккечIел лъимал хIаязде гьоркьоре рачунгутIизе. Лъималазул рес щибха цIалдечIого – гьезда лъалеб букIиндал «директорасул хIаязде» гьоркьоре жал кколареблъи.

Росулъ йигей цо херай гIаданалъе кумек гьабизе кколаан нижеца. Нижеда гьеб кIочон тарабха. Директорасда дандеккана гьей кьулгIадухъа лъелги цIун хIалил-мадаралъ ячIуней. Нижедаги лъаларищха гьей гьесда йихьарайлъи. Нечонги, нечеялдаго цадахъ хIинкъунги рукIана ниж. ТIаде щвана гьесул дарс. Щибго хIалги лъазе течIого, рагьана дос добго тIехь ва цIалана иргадулаб хабар. ВагьичIо, семичIо…

Гьебги букIана директорас нижее кьураб иргадулаб талихIалъул дарс…

Ва гьаб гьитIинабго макъалаялъул ахиралдаги бокьун буго цо гьадинаб лъугьа-бахъиналъулги бицине. Нижер школалда дол соназ букIана интернатги. ГIуралго цIалдохъаби рачIунаан сверухъ ругел росабалъа, хIатта цогидал районаздасаги. ГIодоркьояз рокъоре арал гьел итиналъ радал щолаан цIалуде. ЦIалдонги рукIиницха. Гьеб мехалдаги лъимал «хвасар» гьаризе гIедегIулаан директор. Школалда букIараб гьитIинабго магIишаталда хьихьун рукIана рукъалъул гIанкIал. Гьев ваккулаан иргадал интернаталъул лъимал цIалулел рукIарал классазде, гIанкIазда хадуб хъулухъ гьабизе къваригIун бугилан багьанаги батун, учителасда гьарулаан гьел риччайилан абун. Гьезулгуни букIунаан гьесул щулияб къотIи - метер дарсида гьез жаваб кьезе кколаан ва босизе кколаан лъикIаб кьимат. Учительзабаздаги байбихьуда бичIчIулароан. Хадуб гьезиеги бокьана – директор жаниве ваккун вачIаравго, гьелги релъулаан.

Директорлъиялдаса хIухьбахъиялде аниги, хIухьбахъиялда течIо лъималаз гьев. Кидаго гьез сверун ккун вукIунаан.

Гьединавлъун хутIизе вуго нижер ракIазулъ тIанусдерил «даимав директор» МухIамад ГIабдулхаликъов, жиндирго гIамалаз жиндиегоги гIадамазеги талихIалъул сидулъ лъикIлъиги бекьун, творческияб гIумруялъул бищунго тIадегIанаб тIогьазде вахарав…

***Шамай ХЪАЗАНБИЕВА***

# Бищун бахIарчиял – нилъ, магIарулал

**2009 соналдаса нахъе рагъулаб хъулухъалда вуго ЛъаратIа районалъул СикIар росулъа Рустам МухIамадрасулов. Хасаб рагъулаб операция байбихьаралдаса нахъе гьев вуго Украинаялда. Взводалъул командирасул заместитель, сержант Р. МухIамадрасулов мустахIикълъана Суворовасул ва Жуковасул медалазе ва гьесие кьуна «Орден Мужества». КIиго анкьил отпускалъ рокъове вачIарав гьесулгун гара-чIвари гьабуна нижеца.**



### РескъотIиялъ тIаса бищараб хъулухъ

**- Рустам, рагъулаб хъулухъалде кин ккарав?**

- МагIарухъ гIумру гьабун вукIарав дида гIемераб захIмат бихьана. Дида бихьичIеб лъикIлъи лъималаздагIаги бихьилин абураб хьулалъ тIамуна дун рагъулаб контракт хъвазе. Аварияздеги ккун, къадаралде щвана дир эменги вацги. Эбелалда хIал ккезе биччаларин абун, хIалтIана. БатIи-батIияб хIалтIиги гьабуна. 10 сон бараздаса нахъе породе хьвадана. 15 сон байдал, ракIалде ккана, гьанже дун кIудиявги гIун вугин, эбелалъул кверчIвайги дие букIине кколарин абун. ЗахIматаб бугониги, щвараб хIалтIи гьабуна. Хадуб ракIалде ккана рагъулаб хъулухъалде лъугьине.

2011 соналдаса нахъе вукIана Чачан республикаялъул Шали шагьаралда бугеб рагъулаб часталда. Гьенисан, хасаб операция байбихьидал, ниж ритIана Украинаялде. Байбихьуда рукIана Херсон областалда. Гьениса ритIана Донецкиялде. Гьениб нижеда тIадкъараб масъалаги тIубазабун, ритIана Запорожьеялде. Хехго бакIалдеги щун, захIматаб хIалалде ккарал нилъерго аскариязе кумек гьабулаан нижеца. ГьабсагIаталда ниж руго Запорожьеялда. Гьениб буго хIалуцараб хIалги.

**- Гьединаб хIалуцараб хIалги букIаго, отпускалъ кин виччарав?**

- Нилъер щивав рагъухъанасе рес кьола ункъо моцIидасан 15 къо хъизамалда аскIоб базе. Командирал руго лъикIал, яхI бугел, рагъухъанасул тIалаб гьабулел. РакIбохаги гьезул! Солдатазда нахъа рахчун чIолеб тайпа гьениб гьечIо. Руго командиралдагъистаниялги, хасго магIарулал, табасаранал, лъарагIал. Масала, ЦIумадаса полковник вуго Замир – кутакалда бажари бугев ва хIинкъикъай лъаларев командир. Живго цеве уна гьев, солдатазда цадахъ.

Бищунго хIалуцараб бакIалде тIоцере церехун унел бахIарчиял магIарулал руго нилъер. ГьабсагIатги, дунго рокъов вугониги, дораса дихъе кIалъала, мун гьанив кутакалда хIажат вугилан абун. МагIарулал гьечIони, рагъухъабазда яхI гъолев чи вукIунаро дова.

### Дроназул рагъ

**- Дуца тIубазабулеб хъулухъ щиб гьабсагIат?**

- Дун вуго гIарадачи. Пуланаб бакIалда кумек хIажат бугин абун, нижехъе кIалъала пехотаялъул командирал. Нижецаги гIарадабазул цIад базабула тушбабазде. Лъабгоялъул бакIалда анлъго речIчIула, хIажалъани, жеги цIикIкIун речIчIула. Гьелъие ресалги руго. Щай гIемер речIчIулеб? Рагъ лъикIаб жо гьечIо – лъукъула, чIвала... Кьалул майданалда я лъукъарав, я чIварав нижеца толаро. Гьел нахъе рачиналъе рес кьеялъул мурадалда речIчIула гIарадаби тушманасул рахъалде – дол хIинкъизаризе, бетIер борхулареб хIалалда чIезаризе. Ва гьеб заманалда кьалул майданалдаса нилъералго нахъе рачиналъе рес кьезе. Аллагьас хъвараб гурони нилъеда бихьуларо. Гьеб бичIчIула нилъер рагъухъабазда. Амма кьадар киб хъваниги, хоб букIине кколa вижараб ракьалда. Гьебги лъала щивасда. ГьединлъидаI хIаракат гьабула, цо чи дова течIого, нахъе рачине.

**- Бищунго сунде кIвар кьезе кколеб, рагъухъаби цIуниялъул мурадалда?**

- Гьеб буго дроназул рагъ. ГьединлъидаI дицаги цогидазги цIирачIаразда малъула: зодоре ралагьун рукIа, роржунел «хIанчIи» рихьаралго, рахче. Ракьалда хьвадулел чагIи рихьарабго, дронаialъ видеогун суратал рахъулелъул, гьеб бакIалде боржун бачIуна кьвагьулеб жо. «Хандакъалъур рахча-хьван нужее баянал кьолел нижедасаги лъикI лъала нужеда рагъул цебесеб кьерда, ай нужерго берazда цебе, лъугьа-бахъунеб жо. Нужерго гIумру хвасарлъиялъе тадбир гьабе, дагьалъги рахчун, хадуб гьабе рагъ», - ан малъула командираз.

**- Сундухъ дуе кьураб «Орден Мужества»?**

- Запорожьеялда рукIаго, кьвагьизабуна нижер цо чанго машина. Дир рес букIана, машинаги нахъе бачун, дунго хвасарлъизе. Амма дица нилъер рагъухъаби нахъе рачана. АскIор ругел гьалмагъзабиги рехун тун, жинди-жиндир гIумруялъул хIисаб гьабулев чи кьанагIат вукIуна гьенив. Бокьараб ккагиян абун, лъукъарав яги чIварав нахъе вачине уна нилъер гIолохъаби. Дида цадахъ вуго Шамил районалдаса МухIамад. КамАЗалъул капоталда тIадги рекIун, сверухъе валагьула гьев – хутIарав чи вугищали. Вихьа-вихьарав нахъе вачуна гIедегIула. ХIалбохаги гIолохъабазул!

**- Рагъул цебесеб кьерда ругел нуж ракьунги хутIулел ратила…**

- Гьеб рахъалъ иш квеш гьечIо. Дагъистаналдаса ва Россиялъул регионаздаса кумек гIемер бачIуна. Буйнакскиялъул хьитал гьарулеб фабрикаялъул вакилзаби рачIуна, масала, жидецаго гьарурал хьиталгун. Кутакалда щулиял хьиталги рукIуна гьезул. Амма нижеца гьезда абуна, хIарщулъ ярагьунарин гьелин абун. Гьеб мехалда гьез рукъизе байбихьана резинадул берцалги чакмаялги.

**- Дурго лъималазе кинаб насихIат гьабулеб дуца?**

- Дица гьезда – жеги гьитIинго ругониги – гIемер абула: «Дица гьабураб кинабго буго нуж лъикI рукIине бокьун. ТIаде бачIун буго захIматаб заман – жакъа вугониги, метер дун гьечIого хутIизе рес буго. Берцинго цIалде, эбелалъ малъараб гьабе, чIахIияз бицаралъухъ гIинтIаме. Гьеб мехалда нужер букIине буго берцинаб гIумру», - ян. Хъул буго гьел дица малъухъе хьвадилин абураб. Аллагьасде аманат!

*Гара-чIвари гьабуна Кавсарат СУЛЕЙМАНОВАЛЪ.*

# Сонал анагIан ссудулел ругъннал

**28 февралалда 20 сон тIубана БежтIа росулъа Россиялъул БахIарзал Мухтар Сулеймановги ГIабдухаликъ Къурбановги чIваралдаса. Гьелги, Афгъанистаналъул рагъул гIахьалчагIиги ва Украинаялда тIобитIулеб бугеб хасаб рагъулаб операцияда гIахьаллъулаго чIварал ракьцоялги ракIалде щвезаруна гьал кьоязда тIобитIараб тадбиралда.**

Тадбир нухда бачана БежтIа участокалъул культураялъул хIалтIухъан Элмира МухIамадовалъ.

Россиялъулго тарихалда меседил хатIалъ цIарал хъварал росуцоязул хIакъалъулъ бицунаго, БежтIа участокалъул бетIер Шамил Арадаховас абуна: «1944 соналъул февралалда 18 сон барав ГIабдухаликъ Къурбановасги бахIарчилъи бихьизабуна КIудияб ВатIанияб рагъда. Гьале 60 соналдаса кIудияв инсул гьунар такрар гьабуна гьесул цIар лъурав ГIабдухаликъица. ИмгIаласул къисмат такрар гьабуна Мухтар Сулеймановасул яцалъул вас ГъазимухIамад МухIамадовасги. Россиялъул армиялъул офицер бахIарчиго хвана Украинаялъул неонацистазде данде къеркьолаго», - ян.

Украинаялда унеб бугеб СВОялда гIахьаллъулев вуго БежтIа участокалдаса анлънусгогIанасев чи. Гьенив хвана 18-яв.

«Баркала буго гьел бахIарзал кучарал эбел-инсуе! Баркала кьола дица 10-гIан соналъ Афгъанистаналъул рагъулъ гIахьаллъарал нилъер ракьцоязеги гьезул хъизамазеги. Нилъер улкаялъе гьел соназда камуна 15 азаргогIанасев чи», - ян бицана хадубги Ш. Арадаховас.

Данделъиялъул гIахьалчагIазде хитIаб гьабуна Дагъистаналъул СВОялъул Ветераназул советалъул председатель К. Юсуповас, М. КъурбангIалиевас, полковник И. Ермолаевас, Д. ГIалиевас, БежтIа участокалъул лъай кьеялъул управлениялъул нухмалъулесул ишал тIуралев Ш. Ражабовас



Митингалдаса хадуб тIугьдул лъуна Россиялъул БахIарзал Мухтар Сулеймановасулги ГIабдухаликъ Къурбановасулги памятникалда цере.

*Лаюза ГIУМАРОВА, БежтIа участокалъул пресс-хъулухъ*

# ВатIаналдаса рикIкIалъанагIан мацIалде рокьи цIикIкIана

**Дагъаб цебегIан «ХIакъикъат» газеталъул редакциялъулгун бухьен гьабуна Савдат ХIажиеваль. Гьелъ бицана гIумру гьабун жий Франциялда йигин ва жинца хъварал кучIдул газеталда рахъизе рес рекъелародайин абун. Гьайгьай, разилъизе бачIана, Дагъистаналдаса рикIкIад, хIатта къватIисел улкабазда ругел магIарулаз нижергун гьоркьоблъи гьабиялдаса ва магIарул мацIалда кучIдул хъвалин абиялдаса.**

**ЦохIо кучIдул рахъун течIого, нижее бокьана гьелъулгун лъай-хъвай гьабизеги.**



Савдат лъималазул лъималгун

- Дун гьаюна 1964 соналда Хасавюрт районалъул Могилевское росулъ. Умумул ккола ЦIумада районалъул ТIисси росулъа. Могилевское росулъ лъугIана гьоркьохъеб школа ва росасе индал Гъизляралде гочана. Гьеник гIумру гьабуна 22 соналъ, - ан бицана С. ХIажиеваль. - 2013 соналъ, лъималгун цадахъ, ниж гочана Франциялде ва гьелдаса нахъе гьаниб ругоха гIумру гьабун. ВатIаналъухъ, ракьалъухъ бугеб урхъиялъ дир рекIелъе рачIана тIоцересел кочIол мухъал, гьел рукIана гIурус мацIалда. Дагъистаналда ругеб мехалдаго рокьулаан дие Расул ХIамзатовасул асарал цIализе, хъизамги данде гьабун, къаси-къаси «МагIарулай» поэма цIалулаан. ВатIаналдаса рикIкIалъанагIан мацIалде рокьи цIикIкIана ва нилъерго мацI жеги лъикI лъазабизе гьира ккана.

> СССР бихьаралдаса хадуб анкьнусазаргогIан чи вуго нилъер республика бахун къватIир гIумру гьабулел. Гьезда гьоркьоса **370** азарго чи вуго СНГялъул улкабазда ва **320** азарго - Россиялъул субъектазда.

Парангазул мацIалда цадахъ, магIарул хIарпалги лъазаризе лъугьана. КIалъазе лъаниги, кин хIарпал хъвалелали лъалароан. Школалдаги рахьдал мацIалъул дарсал рукIинчIо, гьединлъидал гIемер тIахьал цIалун, хIарпал лъазарун, гьезухъ балагьун байбихьана магIарул мацIалда кучIдул хъвазе.

Цо-цо мехалда дицаго хъвараб кечI цIалулаго йохизеги бачIуна, унго, дицайищ гьаб хъварабин абураб чIухIи букIуна. МацIалде бугеб рокьиялъ бижун бачIана дилъ кучIдул хъвазе гьира, ва гьедин дагь-дагьккун дун лъугьана хъвадаризе.

**- Лъимал-чагIи щал ругел дур?**

- Дир вуго цо васги кIиго ясги. Гьезулги буго анкьго лъимер.

**- Нуж гьенире гочун хадур лъимал щванищ цониги нухалда Дагъистаналде. Гьелгун щиб мацIалда кIалъалей?**

- Лъималазда нижерго мацI лъалаан, Дагъисталалда ругеб мехалдагоги тIиссисезул мацIалда кIалъалаан ниж. МагIарул мацI гьитIинай ясалда дагьабго лъала. КIудиязда гьедин лъаларо. Гьаниб рукIаго паранг мацI лъазабизе кколеб буго, нижеего бетIербахъиялъе ресал ратизе кколелъул.

Гьезулги лъималазда дицаго хIаракат бахъула магIарул хIарпал малъизе, мацI лъазабизе. Лъималги щвана Дагъистаналде, гьоркьо-гьоркьор гьенире ине хIаракат бахъула. Гьезул лъималазул цо-цоялги щвана гьенире.

**- БетIербахъи гьабизе захIмат гьечIищ нужее? Байбихьуда, мацIги лъаларого ругеб мехалда кин нуж рукIарал?**

- Лъималаз хехго лъазабуна паранг мацI. Гьеб лъан хадуб хIалтIи-ишалъе къварилъи букIунаро. ГIолохъаназ хехго босулелъул мацI, гьезие бигьаго букIана. Гьел хIалтIулелги руго, бетIербахъиялъе гIамалги гьабула.

**- Франциялъул гражданлъи щванищ нужее?**

- Гражданство гьечIо, гьеб щвезе тIалабги гьабичIо. Кьойидаса кьойиде ватIаналде ракI цIалеб буго, хасго ахираб заманалда цIикIкIун ракIалде щола. Лъимал гьаниб ругелъул, гьалги тун рачIине бокьуларого рукIин гурони, тIокIаб гIилла гьечIо. Лъималазеги гьабсагIаталда гьенире тIадруссине бокьун гьечIо.

**Ахираб заманалда республикаялдаса рикIкIад ругел гIемерал гIадамалгун гарачIвари гьабуна дица. Щивасулгун накъиталдаса хадуб бихьула ватIаналдаса рикIкIад ругезул мацIалдеги ракьалдеги бугеб рокьиги, миллатцоязде бугеб адабги. Къисматалъ къватIире рачаниги, рижараб росу-ракьалде рокьи загьир гьабизе бугеб хIаракаталъ рохизе бачIуна. МацI лъалеб букIинчIониги, хIарпазухъ балагьун мухъал данде гьаризе хIаракат бахъарай Савдатил цо-цо кучIдул рахъулел руго гьоркьехун.**

## Огь, дир магIарул мацI

Щаяли лъаларо, дир магIарулаз
Малаца мерхьараб дир магIарул мацI.
МагIарул мацIалъул берцинлъи лъани,
Зобалгун ракьалги кIалъазе ругин.

Гьединаб къисматищ дуе хъван бугеб,
Халатккун хутIизе гьечIищ ракьалда.
Щивав будунасги ва имамасги
ГIурусалъ вагIзацин гьабулеб бугин.

Интернет, телефон, гIадлу бихьараб
ГIисинаб кьокьаялъ кодоб ккун бугин.
Нилъерабги кIочон, чияр босизе,
Чара хунищ бугеб нилъер мацIалъул.

Гугарун кьоларел къуватал васал!
Цо дагьаб къуват кье авар мацIалъе.
Рамазан Халидов, хIалчIахъаги дур
Аварал чIухIизе, чIаго таги мун!

Авар мацI бицунеб цIумазул тIалъи,
ТIубан бахчун буго тIупараб накIкIалъ.
Нужер рекIел тIинда тIегь бижа абе,
Нилъер магIарул мацI цIунун цIилъизе.

Дун пашманго йиго, кьваридго йиго,
РекIелъ бугеб анищ тIубачIин абун.
Къаси макьу гьечIо, къад хIалхьи гьечIо,
Лъукъун гIодоб лъунин хIеренаб дир ракI.

ГIодула гIаданлъи, гIодула намус,
МацI рехун танани, нижги кIочонин.
ГIоде, гIоде, гIоде, цIумазул тIалъи,
Ургьисанго гIоде авар мацIилан!

## Расулилан буго ракIалъ ахIулеб

Расулил Дагъистан, Расулил улка.
Расулица кучIдул хъвараб нилъер мацI.
Халкъалъе хIасратав, шигIрабазул хан,
Камуна нижее, бесдаллъана ниж.

ЦIадаса ХIамзатил хIайранав Расул
Дуца къункърабазда кучIдул малъана.
ХъахIил зобалазде роржунел хIанчIаз,
Расул, Расулилан ахIулеб буго.
Расулил къаламалъ чIухIизабичIеб
Борхатаб мугIрузда иццал батиларо.
КучIдузул куплетал, цIвабзазул кунчIи,
Каранда цIа лъолеб, гьваридаб магIна.

Ниж Дагъистаналъул, Расулил лъимал,
Ниж лъимал Фазулги, мугIрузда гIурал.
Замана арабгIан рокьи цIикIкIуна,
Расулил кучIдузухъ ва ВатIаналъухъ.

## ВатIан

ВатIаналъухъ рокьи цIакъаб жо буго
ЦIа каранда лъолеб, бухIизабулеб.
ЦIар борхатго ахIе дир ватIаналъул,
ЦIумал гIадал васал нилъер ругелъул.

ВатIаналъухъ рокьи - ссун унареб цIа,
РекIун буго дида, рикIкIад йигелъул.
Дир борхатаб тIалъи цIунулел цIумал,
Роржун рачIа дихъе, урхъун йигин дун.

Дир берцинал мугIрул, борхатаб тIалъи,
ТIолабго дур буго, хирияб ватIан.
ТIолго дуе хъвала дица шигIраби, -
Каспиялъул гьури, бацIцIадаб гьава.

Дур халкъалъул къвакIи, рагIул щулалъи
Гьаб дунял рагIалде цIехон щоларeб.
Дур гIадинал васал кирниги гьечIо,
ЯхI-намус цIунулел, цIумал гIадинал.

## Дир дада

РекIел анишазул кIудияб гьамас,
Нижер гIумруялъул гвангъараб чирахъ,
Мун дур тухумалъул кIудияб байрахъ,
Дир гIадинав дада лъилго вугодай.

Халкъалъе вокьулев, къимат цIикIкIарав
Дур бажари, дада - халкъалъе пайда.
Нижее тарбия - къисматлъун бугин
Гьабулеб ишалъул букIунеб руцIцIен.

Мун дир гIумруялде кьурулъун чIарав,
Дур хъулухъ гьитIинаб, къимат кIудияб,
АскIове щваразул мурад тIубалев,
Киналго дудасан разилъи шварал.

Дирго ракI бухIулеб, бежулеб буго,
Нужедасан рикIкIад, нижго рукIиналъ,
Дуе нижер рахъалъ тIалабго щвечIин,
ТIадегIанас таги мун сахлъиялда.

Дада, мун рехсезе чIухIарай йиго,
ЛъикIал ишазулги цевехъан вугин.
Дур къадру цIунила, къимат цIунила,
Мун нижер кIудияб пикрабазул гIор.

ГIадамазда гьоркьов къимат кIудияв,
Гьудулзабазда гьорлъ къадру цIикIкIарав.
Алжанул нуцIида цIар хъван батаги,
МустахIикъав вуго мун гьеб цIаралъе.

*Бухьен гьабуна*
*ПатIимат МУХIАМАЕВАЛЪ.*

## МАРГЪА

# Наял кванда хадур

Их бачIана, бакъуца гIазу авлахъалдаса лъутизабуна. Араб соналъул хутIараб тIогьилкьераб чIахI-къулалда гьоркьосан канчI-гIурччинаб хер баккулеб букIана. ГъутIбузда букIдул рагьулел ва гIисинал тIанхал раккулел рукIана. Наязда бихьана бакъуца хинлъиги канлъиги кьолеб букIин. Гьел тIалаялъуса къватIире рахъана ва ахикье роржана:

- ГIечул гъветI, гьарзаяб гъветI, гьечIищ нижее кьезе щибниги дур? ТIубараб хаселалъ ракъун хутIанин.

- ГьечIо, - ян абуна гIечул гъотIоца, - цIакъго цудунго щун руго нуж. Дир тIугъдул жеги букIдузда жанир рахчаралъурго руго. Жагадул гъотIодагIаги гьаре.



- Жагадул гъветI, гьарзаяб гъветI! ГьечIебищ дур наязе кьезе тIегьго?

- Метер рачIа, хириял, - абун жаваб кьуна гьезие жагадул гъотIоцаги, - жеги дида тIад цониги рагьараб тIегь гьечIо. Гьеб рагьараб мехалда, дица гьалбал берцинго къабул гьаризе руго.

Рокъоре тIадруссинехъин рукIарал ракъарал ва пашманал наязда цо хъархъида гьоркь бецIсурмияб гьитIинабго тIегь бихьана. Гьеб букIана манарша тIегь. Гьелъ наязе рагьана жиндирго берцинаб махIалъул ва гьуинаб тIагIамалъул цIураб гъадаро. Наялги, гIорцIизегIан кваназеги кванан, рази-ракиго рокъоре тIадруссана.

## ЛЪАЛИЩ НУЖЕДА?

Дунялалда руго 50-гIан батIияб тайпаялъул ритIучIал. Бищунго гьитIинал ритIучIазул цIайи бащалъула 10-15 килограммалда, бищунго кIудиязул – 300-гIан килограммалда. Борхалъи бахуна 80 сантиметралдаса 1,5 метралде, халалъийин абуни – 2 метралде. Гьез щибаб соналъ хисула жидерго лълъурдул. Гьел гIадамаз рокъор лъун рукIуна берцинлъиялъе. РитIучIаз гIумру гьабула батIи-батIиял бакIазда: тундраялда, тайгаялда. РитIучIал ккола кверде ругьун гьаризе бигьаял хIайванал.



* * *

Меркурий ккола бищунго гьитIинаб ва бищунго бакъухъе гIагарда бугеб планета. Гьелъул диаметралда буго 4880 км. Гьебги бащалъула ракьалъул диаметралъул лъабго бутIа гьабун цо бутIаялда. Ниж тIад рижараб планетаялдаса 20-гIан нухалъ гьитIинабги тIадагьабги буго Меркурий. Къад гьениб багIари бахуна 500 градусалъул хинлъиялде, къасиялде 180 градусалъул цIоройги рещтIуна гьенибе.

## ШАГIИРЗАБАЗУЛ АСАРАЛ

### Их

Их бачIана. Ицц борчIана.
РачIун хIанчIи чIирчIидана.
ТIелхал рагьун, тIегь кунчIана.
ТIванкъиялда цIад тIенкIана.

ЦIерги биун, лъар хъудана,
Лъалъадизе кIуди ана.
КIодоцаги, газа босун,
Гвенд бухъана гъабу сверухъ.

ГъотIол гIаркьел чIаголъана,
ЧIинкъан букIдул рагьун ана;
Роржун рачIун тIалил наял
ЗутIиялда тIад сверана.

ГIурччинхарде хиялги лъун,
Хухал, буртIал багIадана.

*Муса МУХIАМАДОВ*

### Эбелалде

Эбел, дида ккола киналго тIугьдул
Дур гьимиялдаса гьарун ратилин,
Гьелъ гурищ ракI-ракIалъ гIадамазе гьел
ГьадигIан ракьалда рокьулел ругел.

Дур бералин ккола сардида цIваби,
ЦIуне лъималилан кIалъай гьабулел,
Ва амма васазул аслияб мурад
Мун цIуни, мун цIуни, мун цIуни буго.

Щибаб их бачIингун рорчIарал лъарал
Лъиде кечI ахIулеб? – Дир эбелалде,
Дицаги, как гIадин, киве щваниги,
Щурула, абула эбел, эбелан.

Кий мун йикIаниги – рикIкIад, гIагарда
ГIумруялъ лъималгун цадахъ хутIула –
Цере-нахъ ниж нагагь кьосун ккананi,
Кидаго хIадурай хIалай ячIине.

*Наби ГIИСАЕВ*

## МАСЪАЛАБИ

Хъвадарухъанас кьойил 7 сагIаталъ хIалтIун, 4 кьоялда жаниб хъван буго 140 тIамач. Кьойил 8 сагIаталъ хIалтIун, 6 кьоялда жаниб чан тIамач хъвазе бугеб хъвадарухъанас?

* * *

Автобус Лермонтово шагьаралдаса къватIибе бахъун щвана Ставрополалде 3 сагIаталда жаниб. СагIаталда жаниб гьелъ толеб букIана 64 километр. ТIадбуссун бачIунаго, автобусалъ гьебго нух тана 4 сагIаталда жаниб. КигIаналъ дагь гьабураб автобусалъ хехлъи?

* * *

Спичкадул гIочIол халалъи буго 5 сантиметр, гIеблъи 2 миллиметр. Спичкадул цо рахъалъул гIатIилъи ва периметр кигIан кколеб?

## НАКЪИТ

# Эбелги лъималги

Лъимал рокъоре рачIиналъухъ балагьун чIун йикIана эбел.

- Муса, мун кив вукIарав, дир вас?

- Дун, эбел, школалде ун вукIана.

Меседоги кватIичIого тIаде щвана.

- Мун кий йикIарай, Меседо?

- Ниж, эбел, учителас экскурсиялде рачун рукIана. Гьениб нижеда учителас бицана тIабигIаталъул хIалкIолъабазул хIакъалъулъ. Гьале дуе тIугьдузул квацIиги.

- ЛъикI буго. Мун кив вукIарав, ХIасан?

- Дун, эбел, нилъерго пастIан лъалъалев вукIана ва цIудудаса гIанкIуялгун тIанчIиги цIунана.



## КИЦАБИ

*ВатIан цIунун хварав чи хабалъ чIаго вукIуна.

*Ханжар цIулал бугони гIола, ракI маххул бугони.

*БахIарчи кьалда хола, хIалихьат босков хола.

*ГъалбацIалъ нахъе цIоко тола, гIадамас цIар тола.

*Чу рилълъадасан лъала, чи рагIудасан лъала.

## ТIАДКЪАЙ



*Гъумер хIадур гьабуна ГIайшат ХIАЛАКЪОВАЛЪ.*

# Инсул аманатги тIубалаго...

**Исана февралалда дицаги хъизан ПатIимат ГъазимухIамадовальги 16 къо бана МахIачхъалаялъул №3 больницаялъул терапиялъул отделениялда. РакIалдего кколароан гьениб унтаразе дару гуребги, лъикIаб бербалагьиги батилин абун.**



Гьениб хIалтIулеб буго гъункараб, махщел камилаб коллектив. Тохтурзабиги медсестрабиги руго унтаразул адаб бугел, хIеренал, къасиги къадги унтаразул сахлъиялда хадуб халкколел. Лъиеха бокьилареб гьединаб больницаялда сах гьаризе.

РукIуна тIолабго сахлъи цIуниялъул идараялде гIайибал чIвалел гIадамал. Амма гьединазда кIочонеб буго, гIадамасул гIумру хвасар гьабиялъе гIоло къеркьолезул цебесеб къерда щибаб къойил свакзахIматалъухъ, гIакъубаялъухъ ралагьичIого къеркьолел чагIи тохтурзаби рукIин.

Ниж сах гьарулей тохтур йикIана Нупайсат Набиева. Гьей ккола кардиолог-терапевт. Гьей ятана Аллагьас унтаразе къурай махщел камилай тохтур.

Нупайсат ккола Унсоколо районалъул Коло росулъа. 2003 соналда лъугIизабуна Буйнакскиялъул медучилище. Гьебго соналъ цIализе лъугьана ДГМАялде ва лъугIизабуна 2009 соналда. ХIалтIизе лъугьана Шамилхъалаялъул больницаялде. 2012 соналда Санкт-Петербургалда гьабуна кардиологиялъулаб специализация ва гьебго Шамилхъалаялда терапевт-кардиологлъун хIалтIизе лъугьана. 2017 соналдаса нахъе хIалтIулей йиго МахIачхъалаялъул №3 больницаялъул терапиялъулаб отделениялда.

Нупайсат унтарасухъе ячIиндал, гIажаибаб асар гьабула. ХIеренай, недегьай, гIажаибго ракI тIаде цIалей, урхъи цIикIкIунеб гIамал жиндилъ бугей тохтур йиго гьей. Унтарасда гьимун гурони кIалъаларо. Гьелъ жинхъаго бажарарабщинаб гьабула нижер сахлъи тIадбуссинабиялъе.

Гьедин кIвар кьун дур тIалаб гьабулеб бихьидал, ракIчIола сахлъи медицинаялъул лъикIал ва бажари бугел тохтурзабахъ букIиналда.

Дица Нупайсатида гьикъана пачалихъалъул кинал ругониги шапакъаталго ругищилан. Гьелъ абуна дица сахги гьавун рокъове витIулев унтарас къураб баркала бугин жиндие бищун кIудияб шапакъатилан.

Нупайсатил эмен Набиев МухIамад вукIана гIадамаз адаб гьабулев чи. Абула гьес кумек гьабичIев чи районалдаго ватиларин. Мунагьал чурад хIалтIулев вукIана № 89 участкаялъул судьялъун. Инсул аманат букIанин унтарасе кIвараб кумек гьабеян абурабин бицана гьелъ ва гьеб аманат рехун тезе ракIалдаги гьечIила кидаго.

Нупайсатил хIакъалъулъ магIарул газеталде макъала хъвазе букIиналъул бициндал, жидер рахъалдасаги гьелъие баркала кьеян абуна больницаялда цадахъ рукIарал ГIахьвахъ районалдаса МухIамад НурмухIамадовас, ЦIунтIа районалдаса Рамазан Рамазановас, Шамил районалдаса Алмасхан ГIалиевас.

Унтаразул лъикIаб тIалаб-агъаз гьабулеб буго медсестраби Аминат Мирзоевалъ, Фатима ГIалиевалъ, ГIайшат ХIасановалъ, Алжанат Шамсудиновалъ. Баркала буго гьезиеги.

Больницаялъул тIоцебесеб тIалаялда буго кIудияб, лъикIаб поликлиникаги. Гьениб халгьабула унтарасул киналго лугбазухъ.

Хинал палатабиги, рацIцIа-ракъалъиги, гIадлу-низамги - кинабго мисалияб куцалда чIезабун буго рехсараб больницаялда.

*МухIамадрасул ГIУМАРАСХIАБОВ,*
*Шамил районалъул Ветеранazул советалъул председатель*

## БАРКАЛАЯЛЪУЛ КАЛАМ

**Цоял ццидал къвачIаялъе операция гьабун, цогидал рищалабисукIалаби унтун, лъабабилел жаниса борчIараб гъежалъе операциялдаса хадуб дару гьабулел рукIана ниж ГIахьвахъ райбольницаялда. Гьениб тохтурзабазул тIалаб-агъазалъ сверун ккурал нижеда больницаялда бугеб ахIвал-хIал батана тIад калам гьабизе бакI гьечIеб куцалда. ХIажатал дарабиги, ресторанazда гIадинаб квенги, унтаразул ракI батулеб хIеренаб каламги, ай кинабго бугоан гьениб.**

**Ниж лъугьинаро гьеб киналъулго кверщел кодосел тохтурзабиги, медсестрабиги, санитаркабиги, богогьабиги, цогидалги рехсезе, амма азарабго баркала кьела гьезие тIолазего. Хасаб баркалаялъе мустахIикъал руго хирургиялъул отделениялъул тохтур ХIайбула МухIамаддибиров, медсестраби Рашидат Багьадурова, Раисат ГIабдулмаликова, ГIатикат Билалова ва Мадина МухIамадова. Дарабазде черх ккогеги, чияр цIобалде рукъ ккогегиян аби бугониги, ккараб мехалда кумекалъе гьел ратиги БетIергьанасул рахIмат бугин тола нижеца. НижгIан Аллагьги разилъаги гьездаса.**

**Изаноса Сапият МухIамадгIалиевалъул ва Залбег ГIабдулатIиповасул, Лологъонлъа Жамилат ГIалигьазиевалъул, Рацилъа МухIамаднур ГIабдулхаликъовасул, Гъоркьа Инхелоса рос-лъади Магьди ва Париза КъурамухIамадовазул гьариялда рекъон хъвана**

***ХI. МУХIАМАДОВАС.***

# Витаминал гьечIони, унтаби загьирлъула

**Инсанасул лага-черх лъикI хIалтIизе ккани, чара гьечIого къваригIуна витаминал. Аслияб куцала чорхолъе гьел лъугьуна кванил нигIматазда цадахъ. Витаминал чара гьечIого къваригIуна белкаби лъугьиналъе, гьез чIаголъизабула иммунитет, лъикIлъизабула чорхол къагIида.**

**Ихдалил заманалда кванилъ къанагIалъула цIиял овощал, пихъ ва гIисинпихъ. Гьединлъидал черхалъе гIураб къадаралда щоларо сахлъи цIуниялъе хIажатал витаминал. Гьелъ бокьун буго, витаминазул бугеб пайдабазул ва гьел кин щолелали бицине.**

### ХъапустIан

Инсанасул сахлъиялъе бищун пайдаяблъун рикIкIуна бетIер хъахIаб хъапустIан. С витамин гьелда гъорлъ букIуна лимоналъулъ бугелдасаги цIикIкIун. Гьединго, гьелда гъорлъ букIуна «метионин» абураб кислотаги. Гьелъ квербакъула чехь-бакъазда жанир ругел ругънал сах гьариялъе. Цоги, хъапустIаналъулъ букIуна гIемераб клетчатка ва гьелъул кумекалдалъун лъикIго хIалтIула бакъал.

### ГIанкIудал ханал

Гьезулъ букIуна анцIгоялдасаги цIикIкIун витамин ва бищун пайдаял ккола: А, С, Е, В ва D. Минералазул бицунеб бугони, гIанкIудал ханазулъ рукIуна Менделеевасул таблицаялда ругел киналго химикиял элементал. Кванилъ ханал хIалтIизариялъ щулалъизабула иммунитет, лъикIлъизабула ботIрол, нервабазул, квен бихIинабиялъул ва рекIел хIалтIи.

### Цитрусал

Цебе нилъее лимонал, апельсинал, мадаринал гIадаб пихъ гIицIго баймазул къоязда гурони щолеб букIун батичIони, жакъа гьел лъугьун руго ругьунаб пихълъун. Гьезулъ гIемер букIунеб С витаминалъ, фитонцидаз ва эфиралъул нахалъ лъикIаб асар гьабула рекIел хIалалъе, цIикIлъизабула чорхол чIаголъи. Гьеб киналъго цIунула квачалдаса кколел унтабаздаса. Гьезда гьоркьосаги бищун пайдаяблъун рикIкIуна лимон. Сахлъи щула гьабиялъе лъикIаб букIуна, лъел бакIалда, тIубараб къоялъ лимоналъул лъим гьекъезе.

### Ламадур

ГIадада гуро гIалхул ва рукъалъул гIанкIабазе ламадур бокьулеб. Гьелъулъ букIуна чорхое цIакъ хIажатаб каротин. Сордо-къоялда жаниб ламадуралъул 150-200 грамм кванани, каротин щола чорхое гIураб къадаралда. Гьеб гуребги, ламадуралъулъ рукIуна С, Е, D ва В витаминал, батIи-батIиял микро ва макроэлементал.

ТIадехун бицунхъе, витаминал щола кванда цадахъ. Амма щвалде щвечIеб куцалда кваналел ругони яги овощалгун пихъ гIураб къадаралда кванилъ хIалтIизабулеб гьечIони, раккула витаминал гIоларого рукIиналъул унтаби. Гьелъие нугIлъи гьабулеб цо мисалги бачина.

Цебе заманалда анкьазги моцIазги ралъдахъаби рукIунаан сапаразда. Гьезул гIемерисел захIматго унтулаан, хIатта морякал хвеялъул хIужабиги кколаан. Аслияб куцалда гьеб букIана чорхое гIураб къадаралда С витамин щоларого букIиналъул хIасил. Ингилисазул гамил цо капитанас, батIияб-тIокIаб квен букIинелъун, гамида лъун буго цIекIлъизабураб хъапустIаналъул чирма-къали. Гьеб гамида вукIарав цониги ралъдахъан я унтун, я хун гьечIо. Гьелдаса хадуб лъана инсанасе овощалгун пихъ чара гьечIого къваригIунеблъи.



Квен дарулъунги загьрулъунги лъугьине бегьула. Гьединлъидал, ихдал витаминазул къанагIалъи букIиналдалъун, чорхое захIмалъула заралиял вирусалгун, бактериялгун къеркьезе. Тохтурзабазин абуни лъикIаблъун бихьизабун буго щибаб къойил кванилъ кIванагIан цIикIкIун витаминал гIемерал овощал ва пихъ хIалтIизаризе. Масала, ихдалиде нахъе цIунарал овощазулъ ва пихъилъ витаминазул къадар кIиго-лъабго нухалъ дагьлъула. Гьединлъидал, гIураб къадаралда витаминал щвезе ккани, гени-гIеч кваназе ккола кIиго-лъабго нухалъ цIикIкIун.

Гьединго, къойилго хIалтIизаризе лъикIал нигIматаллъун ккола чIакIултIан, ламадур, гIурусгъаран, цIекIу, хъапустIан, помидорал, сагIан, талган, лимон, пилпил, гIурдахIанал, авокадо, хилъало, шпинат.

КватIичIого тIаде щвела их, бижила мичIчI, цIекIу, гьарила мичIчIихинкIал, цIекIудал чурпа ва кIочене тела чорхое витаминал гIоларого рукIиналъул масъала.

***Нури НУРИЕВ***

## Замагадарлъарал рагIаби



ХIурматиял цIалдолел! Чанго соналъ цебе басмаялда бахъараб бугониги, ГIабасил МахIамадица хIадурараб паргъангалдаса (МагIарул болмацIалъул магIнавияб паргъанг) жакъасеб гIелалъ къанагIат гурони хIалтIизаруларел рагIаби кьезе ракIалде ккана щибаб номералда.

«Гъаб паргъанг данде гъабулаго, болмацIалъул тIоцебесеб борчлъун бихьула дида кIочон тезехъин ругел рагIаби магIнакьеялде рачин.

…МагIарул мацIалъул цIилъиялде хехдарулеб хасият буго, гIараб мацI лъазе лъугьиндал, гьелъул рагIаби къабул гьарулеб, гIурус мацI гIагарлъидал, гьелда хурхине гIедегIунеб. Гьедин босун батана гIарабалъул «шамал» ва «жануб», хадуб гIурусалъул «север» ва «юг». КIочене тезехъин буго болмацIалъул «бугъур» ва «цIор».

КIочене толел рагIабазул бицани, нилъерго рагIиги букIун, гIараб мацIалъул «гIумру» хIалтIизабулеб буго. ГIумруго гьечIел чагIидайха нилъ рукIарал?! Гуро «гIайин» абураб рагIи, релълъенлъи букIиналъги батила, «гIумру» абураб рагIуца хисун буго. Амма паргъангалде кIиябго бачIине ккола. ТIокIаб ишалъе къваригIинчIони, къарнабаз цебе ккараб бицунелъулгIаги хIажалъизехъин руго «херлъарал» абун рикIкIунел, амма цоги рагIиялъ хисун гьечIелъул «бахIараллъун» хутIулел рагIаби», - ян хъвалеб буго ГIабасил МахIамадица.

АЛБАСТIИ - маргьаялъул гIасияй гIадан, гIадан хIинкъулеб сипаталъул хъартай.

*Йигилаха, херай албастIи йигила, гажалги бацIил гIадай, гIажаибай хъарт йигила* (мар.).

АЛЖАНДАХIА - манарша тайпаялъул кьерагъараб тIегь (Анютины глазки).

*АлжандахIалъул махIалъ*
*ХIал хисизе гьабуна,*
*Гьеб тIогьол кьерагъиналъ*
*Берзул канлъи лъалхъана…*

АЛЛАГЬГЬЕЧI - атеист абураб магIнаялда некIо хIалтIизабулеб букIараб рагIи.

АНДАРКО - лъинчIир, гьекъолеб чIагIдатIех, кьвахаражо.

*Гьал, чадида данде андаркоги ххун,*
*Ханзаби кIочараб хIалалда руго.*

АНКЬКIАЧ - ургьимесалъул цо лага, гIемерисел лагIбалел хIайваназул кванирукъалъул ункъабилеб бутIа, кIиабизе чIамун хадуб хер-чIахI къинабизе жанибе унеб бакI. ГIурусаз гьелда «книжка» абиялъеги, гьеб тIанчал гIемераб тIехь гIадаб букIин ккола гIилла.

*АнкьКIач кванаяли кепаб жо буго,*
*Кулпаталъул чагIаз чурулебани…*

***(Хадусеб букIине буго)***

## РагIикъотI



**ГIебеде:** 1. Ралъдал хIинчI. 3. ХIажаталъуб квербакъи. 8. Къуръаналъул бетIер. 9. ХIанчIил лага. 11. ТIабигIаталъул хIалкIолъи. 13. Транспорт чIолеб, къачIалеб бакI. 14. Летчик, Совет Союзалъул лъабцIул БахIарчи. 16. КъвакIараб металл. 18. Бусурбанчиясда тIадаб фарз. 20. Даруги хIухьбахъиги гьабулеб бакI. 22. Гвангъараб канлъи. 24. Багьа хирияб металл. 26. ЦIалдохъанасул алат. 28. Овощазул цояб. 30. Чорхое чара гьечIого хIажатаб жо. 32. Рукъалъул хIайван. 33. Цебегосеб цIайиялъул роцен. 34. ЦIумазул тайпадул хIинчI. 35. ГъотIол хIуби. 36. ЦIулал устарасул тIагIел.

**ГIодобе:** 1. Кванил нигIмат. 2. ГIи-боцIи хьихьун чIараб бакI. 4. Атомияб яргъие бищунго хIажатаб жо. 5. Аскариязул тIагъур. 6. Цебе тукадаса щиб букIаниги босизе кьолеб букIараб кагъат. 7. Чанахъанасул алат. 8. Музыкалияб алат. 10. ТIаждал «къвал». 12. Гьекъезе бегьунгутIизе гъорлъе загьру жубараб спирт. 14. Ралъдал гьулчи. 15. Венесуэлаялъул гIарац. 18. Хехго цIа рекIунеб цIул. 19. Чед бежулеб бакI. 21. КIудияб гохI, щоб. 23. Вижараб улка-ракь. 25. Къиматаб цебегосеб ххам. 26. Чорхол гуч, кутак, хIал. 27. Киноялъул артист. 29. Динияб кечI. 31. ЦIатари. 32. Хьитал рукъизе хIажалъулеб алат.

*ГIуцIана ГIалиасхIаб ДАВУДМИРЗАЕВАС,*
*ЧIарада район, Гьочоб росу*

**7-аб. номералда лъураб рагIикъотIалъе жавабал:**

**ГIебеде:** 1. Вазелин. 9. Гилавка. 10. Зарал. 11. Месед. 13. ВарагI. 14. Деликатес. 16. Бис. 18. МичI. 19. Цер. 20. Канал. 22. Наган. 23. Талавур. 24. ТIимугъ. 25. Сусур. 27. Рас. 28. Кит. 30. РакI. 31. Табасаран. 33. Гъибат. 34. Нукус. 35. Майор. 37. Халифат. 38. Рисалат.

**ГIодобе:** 1. Материк. 2. Къебед. 3. Гъиз. 4. Хъил. 5. Гъамас. 6. Экзамен.8. Налим. 9. ГамачI. 12. Денатурат. 13. Векьарухъан. 15. Кипарис. 17. Сакъис. 19. Цагъур.21. Лагъ. 22. Нус. 24. ТIабигIат. 26. Рагъухъан. 28. Канат. 29. Табор. 31. ТалихI. 32. Нукар. 35. Мал. 36. РицI.

ХIАКЪИКЪАТ

**БетIерай редактор**
ХIАЖИЕВА Зульфия Багъатаровна
65-00-66

**Заместителал**
Пайзула ПАЙЗУЛАЕВ
Зикрула ИЛЬЯСОВ
Темирхан ХIасанов

**Жавабияв секретарь**
МухIамадхIабиб МАХIАТIОВ

**Отделал: Информация, политика, гIелму ва лъай кьей**
Редактор: **Кавсарат Сулейманова**
Ашахан Юсупов
Рукъият ГIалисултанова

**РухIияб хазина**
Редактор: **ПатIимат ГьитIинова**

**Адабият ва тарих**
Шамай Хъазанбиева

**Росдал магIишат**
Редактор: **ГIабаш ГIабашилов**
МухIамад Манапов

**Районазулгун бухьен**
Редактор: **ПатIимат МухIамаева**
ПатIимат СултIанмухIамадова

**ЦIалдолезул кагътал**
Нури Нуриев
ГIайшат ХIалакъова

**Корректор**
Хадижат Дамаданова

**Социалияв гьинал, IT-технологиял**
МухIамадкарим ХIамзаев
Мадина ХIажимаева
Хадижат Арчамова

Электронияб почалъул адрес:
**hakikat1917@mail.ru**
**www.hakikat.info**

Заказ №____
Печаталъе гъулбасана - 20.00
Гъулбасана - 19.00

**РЕДАКЦИЯЛЪУЛ ВА ИЗДАТЕЛЬСТВОЯЛЪУЛ АДРЕС:**
367018 МахIачхъала, Насрудиновасул проспект, 1-А
Газета къватIибе биччана «Лотос» басмахана» ОООялъ
367000, МахIачхъала Пушкинил къватI, 6
«ХIАКЪИКЪАТ» ГАЗЕТА

ГIУЦIАРАЛ:
ДРялъул Информациялъулгун печаталъул агентство

Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД от 21.05.2019 г.
Регистрационный номер ПИ № ТУ05-00427

Макъалабазда рехсарал хIужабазул, тарихазул, балъголъи гъорлъ бугел ва цогидалги баяназул жаваб авторас кьола.
Редакциялъ кидаго гуро макъалаялъул авторасул пикру гIахьал гьабулеб

**Тираж - 5009**

Газеталъул индекс: 51314 (бащдаб лъагIалие)

Багьа 15 гъурущ

БатIи-батIиял соназда газета къватIибе бачIунеб букIана хадур рехсарал цIаразда гъоркь: «Заман», «Аваристан», «ХIалтIулел чагIи», «БагIарал мугIрул», «МагIарул мискинзаби», «МагIарулав», «Социализмалъул байрахъ», «МагIарул большевик», «Дагъистаналъул правда», «БагIараб байрахъ».